

Pasyan ak Fanmi

Gid Fòmasyon Swen Ospis



Hospice of Palm Beach County
Hospice by the Sea
trustbridge



“Yon ti chante”

Jan saj yo di a,
si lespas ak tan se bagay ki pa kapab
egziste, mouch ki viv yon sèl jou a
viv menm valè tan avè nou.
Men se pou n viv ankò pandan n kapab
viv, pandan lanmou ak lavi gratis,
paske tan se tan, epi l ap pase,
menm si saj yo pa dakò.
Flè m te voye ba ou yo lè lawouze t
ap tranble sou lyann yo,
te fane lè myèl sovaj la te vole al
souse eglantin lan.
Men ann kouri al keyi ankò oubyen
kriye
paske nou wè yo andèy,
E menm si flè lanmou yo tika
Men se pou yo sakre.
—T. S. Eliot, 1888–1965



Lavi Ou. Pasyon Nou. Pwomès Mwen.

Yon Lèt Dave Fielding, Prezidan ak Direktè Jeneral



Mwen konnen se yon moman difisil pou oumenm ak fanmi ou. Yon maladi ki limite lavi ebranle menm fondasyon anpil nan nou vin konte sou li pandan tout lavi nou, kote li fè nou desantre nan yon teritwa enkonni. Men, ou te mèt garanti, si oumenm oswa yon moun ou renmen te antre nan swen ospis, ou kapab konte kounye a sou soutyen pwofesyonèl ki gen eksperyans, konpasyon nan Trustbridge. Nou la pou ede ou. Ou pa poukont ou.

Ou gendwa pa konnen kijan pou jere ensètitud k ap tann ou yo, epi emosyon ou gendwa sot nan tout seri chòk ak enkredilite pou rive jouk nan konfizyon, kòlè ak dezespwa. Epitou ou gen pwobableman anpil kesyon. Tout sa yo se bagay ki nòmal epi ki fèt pou atann. Estaf nou an pral reponn kesyon ou yo, yo pral ofri ou sipò pratik ak emosyonèl, ede soulaje doulè, ak gide oumenm ak moun pwòch ou yo nan direksyon klète, akseptasyon lapè. Byenke se yon peryòd difisil, eksperyans nan ospis la kapab yon eksperyans pozitif tou. Objektif nou se pou ede tout moun pwofite tout avantaj ki posib nan tan ou ansanm, dekwa pou nou kapab viv chak jou anplen.

Pandan plizyè deseni ki sot pase yo, nou te ede 200,000 fanmi nan Konte Palm Beach ak Konte Broward travèse maladi grav. Nou gen onè pou mete ou nan pami fanmi Trustbridge lan, e nou apresye konfyans ou fè nou. Ou pral rankontre anpil nan estaf nou yo nan jou ak semèn k ap vini yo, epi mwen ankouraje pou ou pa konsidere yo kòm etranje, men kòm moun ki sousye de ou ak byennèt ou toutbon.

Estaf Trustbridge la pran angajman pou bay tout pasyan, responsab swen, ak fanmi yo pi bon swen ki genyen. Paske lavi ou se pasyon nou, mwen pwomèt ou sensèman ke nou pral fè tout sa nou kapab pou ede tout moun travèse tranzisyon fen lavi sa a. Mwen espere sensèman, pandan vwayaj sa a, ou pral jwenn anpil lanmou, lapè, epi, wi, menm lajwa nan moman nou ansanm.

Dave C. Fielding, Prezidan ak Direktè Jeneral

Apwopo Trustbridge

Depi 1978, Hospice of Palm Beach County, Hospice of Broward County ak Hospice by the Sea te pran swen 200,000 fanmi nan Sid Florid. Alèkile, twa ospis sa yo se Trustbridge, yon kominote ki pa pou pwofi, ki bay sipò san parèy pou fanmi k ap fè fas ak maladi grav.

Sèvis Trustbridge yo gen ladan swen ospis, medsin palyatif, sipò pou responsab swen, ak sipò pou ka dèy pou timoun ak granmoun.

Rekonesans Nasyonal



Nivo swen ospis san parèy Trustbridge yo te rekonèt onivo nasyonal pou ekselans, sa ki fè li resevwa So Apwobasyon Kalite Nasyonal nan Joint Commission (Komisyon Misks) pou toude konte Palm Beach ak Broward yo.

Nou se sèl ospis ki gen distenksyon sa a nan toude konte yo. Nou gen lisans nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante pou Avantaj Medicare ak Medicaid pou Moun Florid yo, ak akreditasyon Palm Beach County Board of Rabbis. Nou se manm National Hospice and Palliative Care Organization, Florida Hospices and Palliative Care, Inc. ak National Association for Home Care.

Kòmantè ou enpòtan...

Trustbridge te pase yon kontra avèk SHP, yon founisè pati deyò ke Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) te apwouve pou mennen sondaj obligatwa Evalyasyon Konsomatè sou Founisè ak Sistèm Swen Sante yo (CAHPS). SHP ka kontakte moun k ap ba w swen oswa manm fanmi w pa kourye apre moun pwòch ou an pa nan swen nou ankò pou evalye kalite sèvis ak swen oumenm ak moun pwòch ou yo te resevwa nan men Trustbridge.

Sondaj ou a ap rive nan yon anvlòp ki sanble ak sila ki anba la a.



Antanke responsab swen prensipal la, ou sipèvizè swen moun pwòch ou an epi ou ka ranpli sondaj yo te voye lakay ou pa lapòs la pou fè nou konnen si nou te reponn ak bezwen w yo. Trustbridge soutni pwosesis sondaj la paske li ede nou aliye swen nou yo nan fason pou nou pi byen sèvi pasyan nou yo ak fanmi yo epi li ede pwochen pasyan yo pran desizyon reflechi lè y ap chwazi yon founisè swen nan fen lavi yo.

Tanpri, ranpli epi retounen sondaj sa a nan lespas 30 jou apre w resevwa l pou pataje eksperyans ou epi ede lòt moun yo. Mèsi paske w te konfye nou swen w yo epi paske w ede nou asire ke chak pasyan ak fanmi resevwa nivo swen yo merite nan fen lavi a.

Kontni

Kòmanse Vwayaj Ospis la

Byenveni nan Trustbridge	8
Sa Ou Dwe Konnen	9
Premye Semèn lan: A Kisa pou Ou Atann Ou	11
Aprè Premye Semèn lan	13
Nivo Swen Ospis yo	14
Rankontre Ekip Trustbridge la	15
Sipò Emosyonèl ak Espirityèl	17
Kesyon yo Poze Souvan sou Swen Ospis	18

Fòmasyon Swen Ospis ak Resous pou Pasyan ak Fanmi yo

Enfòmasyon Enpòtan sou Dwa Ou ak Planifikasyon Swen Davans

Enfòmasyon sou Asirans ak Faktirasyon	20
Avantaj Ospis Medicare/Medicaid	20
Asirans Prive ak HMO yo	20
Deklarasyon Dwa ak Responsablite Pasyan Florid yo	20
Konfidansyalite Medikal dapre Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA)	22
Otorizasyon	22
Anyè Etablisman an	22
Avi sou Pratik Konfidansyalite Trustbridge	22
Pran Desizyon Davans	26
Rezime Politik Direktiv Davans yo	26
Rapòte Enkyetid/Plent Kliyan	28
Ajans Rapò yo	29

swit sou pwochen paj la ->

Fòmasyon sou Swen Ospis: Jesyon Sentòm ak Medikaman

A Kisa pou Ou Atann Ou nan Famasi Ospis Ou.....	30
Kit Konfò a	30
Fòmasyon sou Efè Segondè Kouran Medikaman pou Doule yo.....	33
Itilizasyon Sereng Oral Mòfin	39
Enfòmasyon Byen Presi pou Medikaman.....	40
Patch Fentanyl pou Jesyon Doule.....	40
Methadone pou Jesyon Doule.....	43
Toumant/Ajitasyon.....	44
Pwoblèm pou Respire/Souf kout	45
Tous oswa Twòp Sekresyon	46
Kèplen oswa Vomisman.....	47
Konstipasyon ak Dyare.....	48
Blesi Presyon sou Po	50
Itilizasyon Antikowagilan - “Medikaman pou Delye San”	52
Enfòmasyon Enpòtan Byen Presi pou Medikaman	53
Antikowagilan Oral yo.....	53
Antikowagilan Enjektab.....	55

Fòmasyon sou Swen Ospis: Fòmasyon sou Sekirite

Sekirite ak Preparasyon pou Katastwòf	56
Sekirite Jeneral	59
Sekirite nan Kay	59
Sekirite pou Dife	59
Sekirite Elektrik	59
Konsèy Sekirite pou Oksijèn	59
Prevansyon Tonbe	60
Konsèy pou Anbilans	60
Ekleraj.....	60
Konsèy pou Transfè.....	61
Prekosyon Sekirite pou Itilizasyon Chèz woulant	61
Twalèt	61
Sekirite Medikaman.....	61
Bagay Ou Dwe FÈ:	61
Bagay Ou PA Dwe Fè:.....	62
Eliminasyon Medikaman San Danje.....	63
Eliminasyon Zegwi ak Sereng (Bagay file) San Danje	65

Fòmasyon sou Swen Ospis: Bay Swen Pèsonèl ak Kontwòl Enfeksyon

Anpeche Enfeksyon.....	66
Ijyèn Men Apwopriye	66
Jèl pou Men Abaz Alkòl	67
Lè Enfeksyon Prezan.....	68
Swen Bouch.....	68
Swen Po	68

Di Orevwa: Siy Fizik ak Sentòm Lanmò ki Toupre

Siy Fizik ak Sentòm Lanmò ki Toupre	69
Kisa Ki Pase Lè Lanmò Rive.....	73
Kisa Pou Fè Lè Lanmò Rive	74
Trustbridge Hospice Foundation.....	76

Pou resous anplis pou pasyan ak fanmi, tanpri vizite trustbridge.com

Byenveni nan Trustbridge

Lè oumenm oswa moun pwòch ou an ap fè fas ak yon maladi ki limite lavi ou, ou ka santi ou efreye, ou ka santi ou poukont ou epi ou nan dout—konmsi si tè a te disparèt toudenkou anba pye ou. Trustbridge disponib pou konble twou vid ant sa ki te lavi nòmal ou ak teren ou pa abitye ak li k ap tann ou an. Nou resevwa fòmasyon pou ofri ou swen san parèy pou pasyan ak pou ede oumenm ak fanmi ou jwenn klète, konfò, ak lapè. Sepandan, fòmasyon nou an segondè parapò ak sa ki fè toudabò nou tout isit la: Nou la paske lavi w se pasyon nou toutbon. Byenke nou konnen kijan eksperyans sa a kapab difisil, nou vle garanti ou ke ospis kapab yon eksperyans pozitif tou, ki ofri ou yon okazyon pou pwofite tout avantaj ki posib nan tan nou ansanm.

Nan tiliv sa a, nou pral gide ou nan direksyon pou ou konprann kisa swen ospis ye, kisa ou ta ka atann nan jou yo ak semèn k ap vini yo, ak kijan nou ka soutni oumenm ak fanmi ou. Nou fè tout efò nan gid sa a pou pale avèk pasyan an ak fanmi an. Tanpri konnen nan kèlkeswa kategori ou ye oswa kèlkeswa pawòl ki nan gid sa a, dokiman ki la a ka ba ou enfòmasyon ak apèsi enpòtan. Nou sijere pou ou tcheke gid sa a paj pa paj. Tanpri mande pou nou bay eklèsisman sou nenpòt bagay ou pa konprann nèt oswa nenpòt bagay ou ta renmen aprann konnen plis sou li. Nou la pou ou. Rele liy sipò 24 è sou vennkat nou an nan 888.441.4040 chak fwa ou bezwen sa.

Nan Trustbridge, nou konsantre sou espwa — espwa pou yon lavi satisfèzan, menm anfas maladi grav.



Sa Ou Dwe Konnen

Reflechi sou relasyon ou ak Trustbridge kòm yon patenarya enpòtan. Nou la pou ede w ak moun pwòch ou yo travèse vwayaj ki devan nou an. Sèten jou ak nwit ka pi difisil pase lòt, men pa gen okenn nesesite pou santi ou pè oswa poukont ou. Kit ou se yon pasyan, yon responsab swen, oswa yon zanmi ki enkyete oswa yon manm fanmi, Trustbridge disponib pou soutni ou. Anfèt, sa se objektif swen ospis yo: pou bay sipò oumenm ak moun pwòch ou yo bezwen pou viv lavi nou anplenn nan tout mezi ki posib. Nou ankouraje pou ou pa neglijè lavi ak lanmou ki toujou rete. Chak moman gen enpòtans.

Kisa ospis ye egzakteman?

Ospis se yon kalite swen sipò espesyal ki konsantre sou bay konfò—kote li soulaje soufrans fizik, emosyonèl ak espirityèl. Objektif swen ospis yo se pou amelyore kalite lavi a pa mwayen yon seri sèvis konplè ke yon ekip pwofesyonèl nan plizyè domèn idantifye ak kowòdone, pou bay pasyan an bezwen fizik, emosyonèl, sikolojik ak espirityèl. Swen ospis yo konsidere kòm modèl swen kalite siperyè, swen avèk konpasyon pou moun k ap fè fas ak yon maladi ki limite lavi, epi swen ospis konsène yon metòd oryante sou ekip pou bay swen medikal ekspè, jesyon doulè, ak sipò emosyonèl ak espirityèl adapte ak bezwen pasyan an.

Ospis se yon fason pou moun ki gen yon maladi ki limite lavi l ka viv chak jou anplenn, fè sa ki enpòtan pou li avèk moun li renmen yo.



Kijan nou kapab ede ou?

Nan Trustbridge, objektif nou se pa lavi ki santre sou swen, men swen ki santre sou lavi. Misyon nou se pou soutni volonte pasyan nou yo ak fanmi tankou oumenm chak fwa sa posib pou ou ka viv jan ou vle a epi fè bagay ki enpòtan pou ou yo. Avèk objektif swen sa yo nan tèt yo, ekip Trustbridge ou an ap elabore yon plan swen inik ki adapte pi byen ak bezwen ou yo. Plan swen an varyab, sa vle di li pral chanje amezi sikonstans ak bezwen yo chanje.

Si oumenm oswa moun pwòch ou an bezwen swen konfò tankou radyasyon, chimyoterapi, medikaman nan venn oswa transfizyon san, Trustbridge ka bay swen sa yo. Nou se youn nan sèlman 4 pousan nan òganizasyon ospis nan tout peyi a ki ka admèt pasyan yo nan swen ospis epi bay mezi konfò ekstwòdinè sa yo.

Sipò nan Telefòn 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt | 888.441.4040

Yon manm konpetan, kalifye nan estaf Trustbridge lan disponib nan telefòn chak minit chak jou. Tanpri rele nou si ou bezwen èd, si ou gen yon kesyon, si ou genyen yon sentòm twoublan, si ou bezwen machaswiv pou responsab swen ou, oswa si ou jis vle yon moun pou pale ak li. Nou vle ede soulaje enkyetid ou yo epi reponn ak bezwen ou yo. Sa se objektif nou ak pasyon nou.

Pandan ou nan ospis, nou vle oumenm oswa moun pwòch ou yo kapab gen tout konfò ki posib ak pou nou kapab pase tan enpòtan avèk fanmi ak zanmi. Kalite lavi a se priorite nou. Nou vle responsab swen an jwenn sipò ak ranfòsman. Manm pèsonel nou yo pa sèlman kalifye nan jesyon doulè ak sentòm, men yo prepare tou pou bay fòmasyon, konfò ak sipò pou tout fanmi an si sa nesesè.

Selon plan swen yo, sèvis ki annapre la yo disponib:

- ♥ Sipò nan telefòn 24 èdtan sou vennkat
- ♥ Ekspè swen klinik ak jesyon sentòm
- ♥ Medikaman, ekipman ak founiti ki bay bò kabann pasyan an
- ♥ Fòmasyon ak sipò pou responsab swen
- ♥ Sipò emosyonèl ak esprityèl
- ♥ Konsèy pou pran desizyon swen konplike ak pou lokalize resous esansyèl nan kominote a
- ♥ Terapi mizik pou diminye doulè, anksyete ak lòt sentòm
- ♥ Terapi bèt kay pou bay konfò ak yon bourad emosyonèl
- ♥ Pwogram sipò pou timoun, adolesan ak granmoun
- ♥ Sipò volontè pou bay èd anplis pou fanmi yo

Premye Semèn lan: A Kisa pou Ou Atann Ou

Tout nouvo eksperyans vini ak yon ti ensètid, epi antre nan swen ospis pa diferan. Sepandan akòz sikonstans inik sa yo, li kouran tou pou santi enpe pè ak enkyetid, epi ou ka menm santi ou yon tikras vyole. Premye semèn sa a pral pwobableman semèn ki pi chaje a, kidonk eseye pran pasyans epi konnen ou pral gen tan an prive pou pase avèk fanmi ou ak moun pwòch ou yo lè tout bagay fin an plas. Antretan, sa ki annapre la yo se yon apèsi kout sou sa ki dewoule anjeneral nan premye semèn lan.

Vizit Manm Ekip Ospis yo

Ou ka atann pou resevwa vizit plizyè manm ekip ospis yo pandan premye semèn swen yo. Vizit sa yo ap pèmèt nou evalye tout bezwen fanmi ou epi estabilize sentòm ou yo oswa moun pwòch ou an. Ansanm, nou pral kreye yon plan swen selon bezwen, objektif ak tradisyon chak pasyan ak fanmi. Vizit anplis manm ekip ospis yo pral pwograme dapre plan swen an, kidonk ou pral konnen kimoun pou atann epi kilè.

Manm ekip ki vizite yo se pral manm kalifye, ki gen konpasyon ak konesans. Yo ka reponn nenpòt kesyon ou genyen oswa jwenn repons yo pou ou. Pa ezite mande kèlkeswa sa ki nan tèt ou. (Gade deskripsyon manm ekip ospis yo nan paj 15 tiliv sa a.)



Livrezon Medikaman, Ekipman ak Founiti

Avantaj ospis Medicare yo bay swen, tretman ak sèvis anrapò ak eta tèminal la. Sa gen ladan medikaman, ekipman ak founiti ki nesèsè pou pran swen w oswa moun pwòch ou an. Medikaman, ekipman ak ekipman ekip medikal la detèmine ki nesèsè pou swen pasyan an pral livre dirèkteman bò kabann lan. Medikaman ak founiti yo pral replen jan sa nesèsè. Yo pral eksplike objektif ak itilizasyon atik sa yo nan fason detaye ke posib pou yo pa sanble etranj pou ou. Mande yon eksplikasyon sou nenpòt bagay ou pa konprann.

Fòmasyon ak Sipò pou Responsab Swen

Estaf nou an pral fòme responsab swen yo, avèk konpasyon ak pasyans. Fòmasyon an ka gen ladan bagay tankou medikaman doulè ak kilè pou bay yo, efè segondè medikaman yo, epitou kisa ou dwe fè pou souf kout ak, oswa anksyete. Estaf nou an pral fòme responsab swen yo tou sou fason pou itilize ekipman ak founiti ekip medikal la bay, si sa nesèsè. Gen kèk nan ekipman ki fèt pou soulaje fado fizik la sou responsab swen an. Estaf nou an pral antrene responsab swen an tou pou li fè travay toulejou yo epi li pral ede pou travay responsab swen an pa kapab fè.

Èske Ou Se Responsab Swen an?

Pèsonn pa vrèman prepare pou pran swen yon moun pwòch ou ki malad. Menm moun ki travay nan domèn swen sante konstate konpetans pwofesyonèl yo diminye pou sa ki konsène pran swen yon manm fanmi. Se yon bagay ki toutafè nòmal pou ou santi ensètitid ak akable. Tanpri konnen nou la pou ou. Byennèt ou enpòtan menm jan ak byennèt moun pwòch ou an.

Tanpri fè nou konnen nenpòt bagay ki nan lide ou konsènan responsablite swen ou. Ofiramezi bezwen moun pwòch ou an ap chanje, nou pral enfòme ou pou ou ka konprann sa k ap pase epi konnen kisa pou ou prevwa. Si ou santi ou tris, fatigue oswa akable ak responsablite ou yo pou bay swen, ou ka konte sou estaf nou an pou jwenn konsèy, sipò oswa konsèy pou repi.

Tanpri al gade nan tiliv nou yo, Yon vwayaj Responsab Swen: Pran Swen Moun Pwòch Ou ak Tèt Ou ak Yon Vwayaj Trè Espesyal: Abitye Tèt Ou avèk Tranzisyon Fen Lavi a. Si ou pa gen kopi tiliv yo, tanpri mande yo.

Rele nou nan 888.441.4040 si ou gen yon kesyon kòm responsab swen oswa si ou bezwen rasirans.

Enfimyè/enfimyè nou yo ap reponn kesyon ou yo epi voye yon moun pou ede si sa nesèsè.



Aprè Premye Semèn lan

Aprè premye semèn lan, plan swen an ka kòmanse aprèt yon woutin, omwen pou yon ti tan. Li pral chanje amezi bezwen ou yo oswa bezwen moun pwòch ou an ap chanje. Piske vwayaj chak moun inik, okenn nan nou pa kapab di avèk sètitud sa k ap rive egzakteman. Sepandan, nou ka di avèk sètitud ke moman ki rete yo ofri anpil okazyon pou pataje memwa, fè padon, apwofondi relasyon yo, eksprime lanmou ak lespwa, ak senpleman rete ansanm. Nou kapab di avèk sètitud tou Trustbridge pral avèk ou nan chak etap chemen an, kote l ap pote lespwa pou yon lavi satisfèzan menm lè vwayaj toupri finisman.

Koneksyon ki genyen ant oumenm ak moun pwòch ou yo, ansanm ak pasyon nou pou bay konfò ak sipò, se yon konbinezon ki pisan.

“Lè ospis te antre nan lavi nou, nou te kòmanse respire ankò. Anvan, nou te akable nan eseye jere pwoblèm medikal, emosyonèl ak espirityèl nou pa te prepare pou yo. Yo te ban nou gwo konfò ak soulajman epi yo te ede nou plis pase sa mwen te ka janm imajine.”



Nivo Swen Ospis yo

Kèlkeswa kote yo bay swen ospis yo, pwofesyonèl Trustbridge yo gen eksperyans nan soulaje detès, soulaje doulè ak soufrans, epi ede oumenm ak moun pwòch ou yo dekouvri sous entèn pou fòs, sipò ak lespwa. Gen kèk fanmi yo konfye nan swen nou pandan anpil mwa epi yo benefisye amelyorasyon kalite lavi sèvis nou yo kapab bay. Gen lòt ki vin jwenn nou sèlman nan dènye semèn yo. Kèlkeswa kantite tan ou pase avèk nou, se yon onè pou sèvi ou.

Avèk konpreyansyon ke vwayaj sa a prezante yon peyizaj k ap chanje toutan, sa ki annapre la yo se yon deskripsyon kout sou diferan nivo swen ospis ki ka disponib baze sou bezwen ou yo pèsoneyman:

Woutin Swen Lakay

Yo bay swen woutin nan kay lakay pasyan an. Kay sa kapab yon rezidans prive, oswa nan yon etablisman swen enfimye kalifye, etablisman rezidans asiste oswa yon fwaye an gwoup. Fanmi ak/ oswa yon responsab swen bay swen pratik toulejou yo. Ospis la fè vizit tanzantan kòm yon pati nan plan swen an. Si yon plan swen gen ladan lòt kalite sèvis, tankou swen espiyèl oswa terapi mizik, yo pral pwograme plis vizit nan kay.

Swen Repi

Swen repi yo fèt avèk responsab swen an nan tèt nou. Yon responsab swen prensipal ka mande yon poz pou yon ti tan nan devwa pou bay swen yo detanzantan, kote nan ka sa yo ka fè aranjman yon sejou pou pasyan an nan yon etablisman swen lokal.

Swen Ospis oswa Swen Kriz Pasyan Entèn

Nivo swen sa yo sanble anpil epi yo disponib pou pasyan nou yo ki gen sentòm ki pa kontwòle. Yon òdonans doktè nesèsè piske kritè medikal anplis aplike pou yo kapab bay nivo swen pi wo sa a. Swen sa yo bay pi byen nan youn nan sant swen nou yo oswa nan yon etablisman lokal ki sou kontra. Nan kèk ka, yo ka ofri swen an lakay ou toutotan gen yon anviwònman sekirite ak sipò ki egziste pou oumenm ak estaf nou an. Lè yo bay swen nan kay, se pral anjeneral pandan omwen 8 èdtan pa jou. Èdtan sa yo pa toujou youn apre lòt epi yo ka divize pandan tout jounen an pou yo ka jere peryòd kriz yo pi byen.

Trustbridge gen Sant Swen pou Pasyan Entèn ki sitiye nan konte Palm Beach ak Broward. Vizite sit entènèt nou an nan www.trustbridge.com pou jwenn yon lis konplè sant swen nou yo.

Nou pran angajman pou fè tout sa ki nesèsè,

kèlkeswa kote ou ye nan sante oswa nan lavi.

Rankontre Ekip Trustbridge la

Manm ekip Trustbridge ki gen konpasyon, ki kalifye epi ki gen eksperyans disponib pou bay kalite swen inik pou oumenm ak moun pwòch ou yo—swen ki respekte diyite ak imanite. Nou rekonèt bezwen chak moun diferan, kidonk nou travay avèk ou pou kreye yon plan swen adapte pou ou pèsònèlman, ki reevalye amezi bezwen yo ap chanje. Se pa tout pasyan ki pral benefisye chak sèvis, men yon plan swen endividyèl ap gen ladan kèk oswa anpil nan pwofesyonèl ki annapre la yo.

Enfimyè/Enfimyè yo: Antanke òganizasyon enfimyè/enfimyè dirije, nou asiye yon enfimyè/enfimyè otorize (Registered Nurse, RN) pou jere swen pasyan an, sa gen ladan vizit nan kay yo si sa nesesè. RN lan responsab pou kowòdone tout sèvis pasyan yo. Enfimyè/enfimyè Trustbridge yo disponib pou konsiltasyon 24 èdtan pa jou. Yo founi swen bay swen medikal avèk amou, yo evalye sitiyasyon medikal la, bay medikaman, evalye bezwen k ap chanje, edike responsab swen yo, bay sipò emosyonèl pou pasyan an ak fanmi an, epi sèvi kòm yon liy kominikasyon dirèk ant fanmi an ak ekip ospis la.

Asistan Swen enfimyè Sètifye yo: Asistan swen enfimyè nou yo ki gen konpasyon epi ki kalifye vizite pasyan an regilyèman, yo bay èd pou swen pèsònèl tankou benyen, swen pou po, abiye ak bay manje. Yo ka ede pou aktivite lavi toulejou yo oswa ka prepare yon repa lejè pou pasyan an.

Travayè Sosyal Klinik: Travayè sosyal Ospis yo bay sipò emosyonèl pou pasyan yo ak fanmi yo, yo ede travèse difikilte ki gen nan maladi grav. Yo eksplòre epi konekte pasyan an ak fanmi an nan resous esansyèl ki gen nan kominote a epi yo bay sèvis konsèy pou moun yo, fanmi ak zanmi yo. Epitou, yo ka ede pasyan yo kominike santiman yo ak enkyetid yo bay manm fanmi yo, kèlkeswa kote y ap viv. Travayè sosyal yo ka ofri èd tou pou Direktiv Davans yo, testaman byolojik yo, enfòmasyon ranplasan pou swen sante ak sistèm faktirasyon konplike yo.

Doktè yo: Doktè Trustbridge yo travay nan konsiltasyon de prè ak ekip ospis lan pou sipèvizè desizyon medikal ak desizyon klinik yo. Lè sa nesesè pou rezon medikal, manm ekip medsen an ka evalye pasyan an tou.

Famasyen yo: Ekspètiz ak medikaman enpòtan anpil pou swen ospis ak konfò pasyan yo. Famasyen Trustbridge yo egzamine medikaman pasyan an epi pale sou yo avèk doktè a ak enfimyè/enfimyè a. Yo disponib pou reponn kesyon epi pale sou pwoblèm medikaman avèk pasyan an ak fanmi an.

Chaplen Swen Espirityèl: Chaplen Trustbridge soti nan anpil tradisyon relijye epi yo ede moun nan tout nivo kwayans jwenn yon sans pandan y ap repase lavi yo. Chaplen nou yo respekte tout tradisyon ak kwayans, epi yo se manm entegral nan ekip ospis la. Si pasyan an vle, chaplen swen espirityèl la ka fasilite vizit klèje fanmi an oswa bay sipò emosyonèl ak espirityèl pou pasyan an ak fanmi an. Chaplen an ka ede fanmi yo tou pou pwosesis dèy ak gerizon.

Terapis Mizik yo: Terapi mizik se yon pwofesyon lasante etabli ki montre li soulaje doulè, depresyon ak anksyete. Mizik pote tou renouvèlman enèji epi li reveye santiman lespwa, lanmou ak inite fanmi an. Lè yo travay avèk youn nan terapi mizik sètifye nou yo, pasyan yo ak fanmi yo souvan dekouvri yon anviwònman yo abitye ak li, ki rekonfòtan pou refleksyon ak renouvèlman. Yon anrejistremman odyo souvni oswa chante orijinal ka kreye pandan yon sesyon terapi mizik, sa ki kapte panse prive oswa moman siyifikasyon pwofon ak pèsònèl.

Volontè yo: Anpil gason ak fanm devwe bay tan yo volontèman pou ede pasyan ak fanmi ki nan swen Trustbridge. Volontè byenveyan sa yo disponib pou ede pasyan an ak fanmi an nan yon pakèt kantite fason, tankou rann vizit avèk pasyan an dekwa pou yon manm fanmi ka pran yon poz, al fè yon komisyon, menm ede pran swen bèt kay fanmi an.

Konseye pou Dèy: Trustbridge bay sipò pou dèy pou nenpòt moun nan kominote a ki pèdi yon moun pwòch li. Konseye ak pwogram dèy Trustbridge kreye yon anbyans sekirite kote moun ki te sibi yon pèt kòmanse geri ak grandi. Konseye dèy nou yo, ki gen eksperyans, bay konsèy endividyèl ak konsèy gwoup pou timoun, adolesan ak granmoun.

Fanmi ospis nou yo reprezante anpil kalite kilti ak kwayans espirityèl. Nou sèvi fanmi ki gen nenpòt lafwa, epi nou pa afilye avèk yon òganizasyon relijye. Tout moun byenveni.



Sipò Emosyonèl ak Espirityèl

Èske ou vle ekspriye santiman ki gen sans men ou pa fin konnen kijan pou fè li? Yon travayè sosyal klinik oswa yon chaplen swen espirityèl ka ede ou konnen kisa ou ta renmen di ak kijan pou pataje panse ou ak santiman ou ak moun ou renmen yo. Nan fason sa a, nou ka ede oumenm ak moun pwòch ou yo kreye yon eritaj souvni ki dire lontan, ki rekonfòtan.

Kit bezwen ou an se pou jwenn yon moun pou koute ou san pote jijman, yon moun ak pou eksplore espirityalite avèk li, oswa yon moun ki ka bay konfò seremoni relijye, priyè ak mizik, tanpri fè konnen dezi ou pou pale avèk yon konseye oswa yon chaplen. Manm ekip sa yo ka ede nenpòt manm fanmi pwogrese nan direksyon pou gerizon emosyonèl ak espirityèl lè yo ankouraje ekspresyon lanmou, lajwa ak padon.

Estaf Trustbridge la ka ede w dekouvri sous pèsònèl ou pou fòs, lespwa ak konfò.

Èske ou gen timoun lakay ou?

Si oumenm oswa moun pwòch ou an ap resevwa swen woutin lakay ou, eseye pa bliye ke timoun yo, menm sa ki adolesan pi gran yo, pa ka ekspriye laperèz yo oswa konfizyon apwopo sa yo wè ak tandè. Founiti ak ekipman medikal ka kreye entimidasyon e yo ka menm efreyan. Eseye kenbe yon liy kominikasyon ouvè avèk timoun yo nan kay ou, epi pale ak yon manm ekip ospis la pou jwenn konsèy si yon timoun vin fèmen sou limenm, gen pwoblèm somèy, aji mal, oswa konpòte l nan nenpòt fason ki pa sanble karaktè l.



Kesyon yo Poze Souvan sou Swen Ospis

Kiyès ki kalifye pou swen ospis?

Ospis se yon kalite swen konfò espesyal ki konsakre pou moun ki gen maladi nan dènye etap ki gen yon esperans lavi 6 mwa oswa mwens si maladi yo a swiv dewoulman nòmal li. Sèten moun ki gen plizyè kondisyon ki kontribye nan yon esperans lavi limite, olye yon sèl maladi. Detanzantan, swen ekip ospis la ofri ka ede estabilize sentòm yon pasyan an.

Kikote yo bay swen ospis?

Kit n ap pran swen ou oswa moun pwòch ou an nan pwòp kay ou, nan yon rezidans ou chwazi oumenm, oswa nan yon etablisman pou bay swen, pwofesyonèl nan Trustbridge yo kalifye e ki gen konpasyon disponib pou ou 24 èdtan pa jou. Misyoun nou se pou ede fanmi ou jwenn klate, konfò ak lapè pandan peryòd difisil sa a.

Kòman yo peye swen ospis?

Swen konpasyon ak sipò swen ospis yo se yon avantaj ou gen dwa pou jwenn nan Medicare, Medicaid ak asirans prive. Antanke ospis ki pa pou pwofi, nou asire nou tout moun ki bezwen swen ospis resevwa yo, kèlkeswa kouvèti asirans yo oswa kapasite pou yo peye.



Èske mwen ka kontinye wè pwòp doktè m si m nan swen ospis?

Anpil pasyan kontinye wè pwòp doktè swen jeneral yo lè yo antre nan swen ospis. Ekip pwofesyonèl nou yo pral travay de prè avèk doktè ou pou kowòdone swen yo epi siveye eta ou oswa eta moun pwòch ou an. Asire ou enfòm ekip ospis ou an lè ou gen yon randevou pwograme avèk doktè ou.

Èske mwen ka kontinye resevwa medikaman yo ki te ede m yo?

Ekip ospis ou an pral evalye tout medikaman ou yo. Doktè ekip ospis la pral preskri medikaman ki pral plis benefisye eta ou. Si medikaman yo anrapò ak dyagnostik ospis ou an, n ap bay yo. Si yo pa anrapò ak li, ou ka kontinye pran yo ak pwòp frè ou.

Pandan konbyen tan mwen ka resevwa swen ospis?

Ou ka benefisye seri sipò nou bay la pandan yon 6 mwa konplè. Doktè a pral sètifye kalifikasyon ospis ou an nan entèval ki detèmine davans. Ou ka kontinye resevwa sèvis yo toutotan ou kalifye sou plan medikal. Ou ka chwazi kite swen ospis yo nenpòt lè, pou nenpòt rezon, epi retounen pi devan si ou kalifye pou rezon medikal.

Si mwen gen yon ijans, ki nimewo mwen dwe rele?

Rele nou touswit nan 888.441.4040 nenpòt lè ou bezwen nou. Nou toujou la pou ou.

“ Non sèlman ou te okipe bezwen fizik manman m, men tou ou te bay sipò sikolojik pou mwen, aprann mwen ak gide m sou fason pram swen l pi byen ak pèmèt mwen vin plis gen konfyans nan kapasite m antanke responsab swen. ”

Enfòmasyon Enpòtan sou Dwa Ou ak Planifikasyon Swen Davans

Enfòmasyon sou Asirans ak Faktirasyon

Avantaj Ospis Medicare/Medicaid

Yo evalye pasyan Ospis yo detanzantan pou detèmine si yo kontinye ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo. Yon pasyan ki kontinye ranpli kritè kalifikasyon pou ospis ka kontinye resevwa sèvis nou yo, kèlkeswa kantite tan li t ap pran swen ospis. Yon pasyan ki pa ranpli kritè yo ankò pou ranbousman kontini dapre Avantaj Medicare Ospis lan, estaf ospis la pral ede retabli kouvèti regilye Pati A Medicare lan. Si sa rive, ekip ospis la asire ke pasyan an ak fanmi an patisipe nan devlopman ak ekzekisyon yon plan egzeyat ki san danje. Yo bay pasyan ki gen Medicaid yo menm sèvis ak moun ki gen dwa pou jwenn Medicare. Yon benefisyè Medicare oswa Medicaid kapab jwenn aksè sèlman nan youn nan avantaj Pati A sa yo nenpòt lè.

On fwa ou nan ospis, ospis la responsab jesyon medikal ou epi ou dwe konsilte l anvan ou chèche nenpòt tretman/sèvis medikal, atik, oswa medikaman pou detèmine si yo gen rapò ak maladi ki nan dènye estad ou an epi kondisyon asosye yo, si yo nesesè sou plan medikal, epi/oswa si yo fè pati plan swen an.

Ou ka responsab sou plan finansye si ou pa konsilte ospis la anvan ou:

- Ale nan sèvis dijans/911
- Egzekite preskripsyon nan famasi deyò
- Vizite doktè/chèche tretman nan men founisè ki pa ospis

Estaf ospis lan gen responsablite diskite sou objektif swen pasyan/fanmi an epi deside si yo koresponn avèk plan swen ospis yo. Tanpri enfòme yo si w gen nenpòt randevou doktè ki prevwa ak/oswa k ap vini, tretman, oswa lòt sèvis medikal y ap ba w. Pèsonèl ospis la ap ba w opsyon pou w ka pran yon desizyon reflechi.

Remak: Pasyan Medicare ki genyen tou yon plan Òganizasyon Antretyen Sante (Health Maintenance Organization, HMO) gen dwa pou jwenn menm sèvis nan Medicare tankou moun sa yo ki pa afilye avèk yon HMO.

Asirans Prive ak HMO yo

Pifò plan asirans bay yon avantaj ospis ki menm jan ak Medicare. Estaf Ospis la disponib pou ede verifye kouvèti asirans pou sèvis ospis yo. Pa bliye, kouvèti ospis la se pou maladi ki limite lavi sèlman. Nenpòt lòt maladi oswa dyagnostik ki pa anrapò ak maladi ki limite lavi ap trete dapre plan asirans regilye pasyan an.

Yon pasyan ka chwazi pou sispann sèvis ospis yo nenpòt lè epi retounen nan kouvèti regilye Medicare Pati A.

Deklarasyon Dwa ak Responsablite Pasyan Florid yo

Lwa nan Florid egzije pou founisè swen sante ou oswa etablisman sante a rekonèt dwa ou pandan w ap resevwa swen medikal ak pou ou respekte dwa founisè swen sante ou oswa etablisman swen sante ou an genyen pou li atann yon sèten konpòtman nan men pasyan yo. Ou gendwa mande yon kopi konplè tèks lwa sa a nan men founisè swen sante ou oswa etablisman swen sante ou an. Men yon rezime sou dwa ak responsablite ou yo:

1. Yon pasyan gen dwa pou resevwa tretman avèk koutwazi ak respè, pandan yo rekonèt diyite li kòm moun, ansanm ak pwoteksyon bezwen li genyen pou entimite.

2. Yon pasyan gen dwa pou jwenn yon repons rapid e rezonab pou kesyon ak demann li yo.
3. Yon pasyan gen dwa pou konnen kiyès k ap founi sèvis medikal yo ak kiyès ki responsab swen li yo.
4. Yon pasyan gen dwa pou konnen ki sèvis soutyen ki disponib pou pasyan, ansanm ak si gen yon entèprèt disponib si li pa pale anglè.
5. Yon pasyan gen dwa pou vini nan zòn ki aksesib pou pasyan nan etablisman swen sante a oswa kabinè founisè a ak nenpòt moun li chwazi pou akonpanye l pandan pasyan an ap resevwa tretman kòm pasyan entènè oswa kòm pasyan ekstèn oswa pandan li nan konsiltasyon avèk founisè swen sante li an, amwenske si li fè sa, sa ta va mete andanje sekirite oswa sante pasyan an, oubyen sekirite oswa sante lòt pasyan, oubyen pèsonèl etablisman an oswa kabinè a, osinon etablisman an oswa founisè a pa kapab fè aranjman rezonab pou sa.
6. Yon pasyan gen dwa pou konnen ki règ ak règleman ki aplike pou konduit li.
7. Yon pasyan gen dwa pou founisè swen sante a ba li enfòmasyon konsènan dyagnostik, rejim tretman yo prevwa, lòt chwa li genyen, risk, ak pwonostik li.
8. Yon pasyan gen dwa pou refize nenpòt tretman, sòf si lalwa prevwa dispozisyon kontrè.
9. Lè li mande sa, yon pasyan gen dwa pou li resevwa tout enfòmasyon ak konsèy ki nesesè sou resous finansyè yo konnen ki disponib pou swen li yo.
10. Lè li mande sa epi anvan tretman, yon pasyan ki kalifye pou Medicare gen dwa pou konnen si founisè swen sante a oswa etablisman swen sante a aksepte tarif Medicare fikse yo.
11. Lè li mande sa, anvan tretman, yon pasyan gen dwa pou resevwa yon estimasyon rezonab sou frè yo mande peye pou swen medikal yo.
12. Yon pasyan gen dwa pou resevwa yon kopi bòdwo detaye nan fason rezonab, klè, li kapab konprann, ak pou yo esplike li frè yo, lè li mande sa.
13. Yon pasyan gen dwa pou jwenn aksè san patipri nan tretman medikal oswa aranjman, kèlkeswa ras, orijin nasyonal, relijyon, andikap fizik oswa sous peman.
14. Yon pasyan gen dwa pou resevwa tretman pou nenpòt pwoblèm medikal ijans ki pral deteryore si yo pa bay tretman.
15. Yon pasyan gen dwa pou konnen si tretman medikal la se pou objektif rechèch eksperymantral ak dwa pou bay konsantman li oswa refize patisipe nan rechèch eksperymantral la.
16. Yon pasyan gen dwa pou ekspri doleyans konsènan nenpòt vyolasyon dwa li, jan sa endike nan lalwa Florid, atravè pwosedi pou pote plent pou founisè swen sante oswa etablisman swen sante an ki te sèvi li an, ak bay òganis leta konpetan ki bay lisans yo.
17. Yon pasyan responsab, selon tout sa li konnen, pou bay founisè swen sante a enfòmasyon ki egzak e konplè sou sentòm kounya yo, maladi li te genyen anvan, ospitalizasyon, medikaman, ak lòt zafè ki anrapò ak sante li.
18. Yon pasyan responsab pou rapòte chanjman sanzatann nan eta sante li ba founisè swen sante a.
19. Yon pasyan responsab pou rapòte bay founisè swen sante a si li konprann yon plan dakasyon yo pwojete fè ak sa ke yo atann de limenm.
20. Yon pasyan responsab pou swiv plan tretman founisè swen sante a rekòmande.
21. Yon pasyan responsab pou respekte randevou li epi, lè li pa kapab respekte yo pou yon rezon kèlkonk, pou li avèti founisè swen sante a oswa etablisman swen sante a.
22. Yon pasyan responsab zak li si li refize tretman oswa si li pa respekte machaswiv founisè swen sante a.

23. Yon pasyan responsab pou asire ke obligasyon li genyen yo sou plan finans pou swen sante li ranpli rapidman otank posib.
24. Yon pasyan responsab pou swiv règ ak règleman etablisman swen sante a ki konsène swen ak konduit pasyan.

Konfidansyalite Medikal dapre Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA)

Trustbridge pwoteje enfòmasyon medikal ou ak dwa ou konsènan pwòp dosye medikal ou. Nou pran angajman pou pwoteje dwa ou pou konfidansyalite enfòmasyon medikal ou, pandan n ap bay swen medikal pi gwo kalite. Nou vle pou w okouran osijè règleman ki afekte fason nou itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou, ak dwa ou genyen konsènan dosye medikal ou. Règleman sou enfòmasyon prive ki te adopte nan kad Lwa federal sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA) fikse estanda pou kominikasyon enfòmasyon medikal ki idantifye ou pèsònèlman.

Otorizasyon/Divilgasyon Dosye Medikal yo

Trustbridge pa otorize diskite sou swen ou yo ak pèsòn nan oumenm ak/oswa reprezantan legal ou sòf si ou di nou pa gen pwoblèm pou fè sa.

Demann pou kopi dosye medikal ou egzijè pou yon moun otorize ranpli epi siyen yon fòm otorizasyon. Pandan yo nan sèvis, moun ki otorize yo gen ladann:

- Pasyan an
- Reprezantan legal pasyan an (Ranplasan pou Swen Sante, Mandatè Medikal, Pwokirasyon)

Nan Florid, dosye ospis gen yon kouch konfidansyalite anplis sou yo epi yo ka devwale yo nan sèten sikonstans sèlman on fwa yon moun mouri. Sikonstans sa yo se:

- Bay reprezantan ke pèsònèl tribinal te nonmen
- Bay egzekitè/reprezantan pèsònèl ki nonmen nan Dènye Volontè ak Testaman, oswa
- Dapre òdonans tribinal

Okenn lòt moun pa pral otorize jwenn kopi dosye medikal la sòf si gen yon otorizasyon valab nan dosye. Si ou vle nenpòt moun gen aksè nan dosye medikal ou, li rekòmande pou ou ranpli yon fòm otorizasyon pandan w nan sèvis. Ou pa oblije siyen yon fòm otorizasyon epi nou p ap refize tretman si ou chwazi pou ou pa siyen youn.

Anyè Etablisman Sant Swen an

Anyè Sant Swen nou an anjeneral gen ladan non ou, kikote ou ye nan etablisman an, ak eta jeneral ou.

Sant Swen an ka kominike enfòmasyon sa yo bay fanmi ak zanmi ki mande yo, epi nan sèten sikonstans bay medya yo. Pou mete limit sou kominikasyon sa a, ou ka di Sant Swen an ou pa vle yo devwale enfòmasyon sa yo.

Avi sou Pratik Konfidansyalite Trustbridge

Enfòmasyon ou. Dwa Ou yo. Responsablite Nou.

Avi sa a aplike pou Trustbridge, Inc. ak filyal li yo, Hospice of Palm Beach County, Hospice by the Sea, Hospice of Broward County, ak Harbor Palliative Care Services, Inc. Li dekri fason yo ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou ak fason ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri egzamine li ak anpil atansyon.

DWA OU YO

Pou sa ki konsène enfòmasyon medikal ou, ou gen sèten dwa dapre lwa federal. Seksyon sa a eksplike kisa dwa ou yo ye ak kèk nan responsablite nou genyen pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye dosye medikal ou

- Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon medikal nou genyen ki konsène ou. Pou jwenn yon kopi, tanpri kontakte depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante.
- N ap ba ou yon kopi enfòmasyon medikal ou nan lespas 30 jou oplita apre demann ou. Nou ka chaje yon frè rezonab baze sou pri pou sa fèt pou kopi, frè lapòs, mendèv ak founiti.

Mande nou pou nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon sou sante ki konsène ou ke ou panse ki pa kòrèk oswa ki enkonplè. Pou fè kalite demann sa a, tanpri soumèt demann ou an alekri bay Responsab Konfidansyalite HIPAA a.
- Nou ka di ou “non” pou demann ou, men n ap fè ou konnen poukisa alekri nan lespas 30 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason byen presi (pa egzanp, telefòn lakay ou oswa biwo ou) oswa pou voye pa lapòs nan yon lòt adrès. Pou fè kalite demann sa a, tanpri soumèt demann ou an alekri bay Responsab Konfidansyalite HIPAA a.
- N ap di ou “wi” pou tout demann rezonab yo.

Mande pou nou limite sa nou itilize oswa kominike

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize ni kominike sèten enfòmasyon medikal pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo.
 - Nou pa oblije aksepte demann ou an, epi nou ka di “non” si sa t ap gen efè sou swen sante ou.
 - Pou mande restriksyon, ou dwe fè demann ou an alekri ba Responsab Konfidansyalite HIPAA a. Nan demann ou an, tanpri mete (1) enfòmasyon ou vle mete limit sou yo a; (2) kijan ou vle mete limit sou enfòmasyon yo (pa egzanp, mete limit sou itilizasyon pou biwo sa a, mete limit sèlman sou kominikasyon bay moun deyò biwo sa a, oswa mete limit sou toude); ak (3) pou kiyès ou vle restriksyon sa yo aplike.
- Si ou peye okonplè pou yon sèvis oswa pou yon atik swen sante ak lajan ki sot nan pòch ou, ou ka mande nou pa kominike enfòmasyon sa yo bay konpayi asirans sante ou pou rezon peman oswa operasyon nou yo.
 - Nou pral di “wi” sof si yon lwa mande pou nou kominike enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon yo avèk yo

- Ou ka mande yon lis (kontrandi) pou moman nou te pataje enfòmasyon medikal ou yo pandan sis lane anvan dat ou mande a, ak bay kiyès nou te pataje yo, epi poukisa. Pou fè kalite demann sa a, tanpri soumèt demann ou an alekri bay Responsab Konfidansyalite HIPAA a.
- N ap mete tout kominikasyon yo alesepsyon sa yo ki konsène tretman, peman ak operasyon swen sante, ak sèten lòt kominikasyon (pa egzanp nenpòt kominikasyon ou te mande nou fè). Nou pral bay yon sèl kontrandi gratis pa ane, men nou pral chaje yon pri rezonab ki baze sou frè si ou mande nou yon lòt nan lespas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi sou pratik konfidansyalite sa a

- Ou ka mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menmsi ou te dakò resevwa avi a elektwonikman. Nou ap ba ou yon kopi sou papye touswit. Pou jwenn yon kopi, tanpri kontakte depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante a oswa Responsab Konfidansyalite HIPAA a.

Chwazi yon moun pou aji onon ou

- Si ou te bay yon moun manda medikal, si yon moun se ranplasan pou swen sante ou, oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa kapab egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon medikal ou yo.
- Nou pral asire nou ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt aksyon.

Depoze yon plent si ou santi yo vyole dwa ou yo

- Ou ka depoze plent si ou santi nou te vyole dwa ou; pou fè sa, sèvi avèk seksyon Avi sou Pratik Konfidansyalite Trustbridge ki endike sou paj 26 lan pou kontakte nou.
- Pou depoze yon plent nan Biwo pou Dwa Sivil Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, ou ka voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele nan 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou depoze yon plent.

CHWA OU YO

Pou sèten enfòmasyon medikal, ou ka di nou chwa ou konsènan kisa pou nou kominike. Si ou gen yon preferans sou fason pou nou kominike enfòmasyon w nan sitiyasyon yo ki dekri anba a, pale avèk nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi nou pral swiv direktiv ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen ni dwa, ni chwa pou di nou kijan pou:

- Kominike enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou yo
- Kominike enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou nan katastwòf
- Mete enfòmasyon ou nan yon anyè etablisman
- Kontakte ou pou aktivite kòlèk lajan
- Si ou pa ka di nou sa ou prefere, pa egzanp si ou san konesans, nou gendwa aji epi kominike enfòmasyon ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka kominike enfòmasyon ou tou lè li nesèsè pou diminye yon menas pou sante ouwa sekirite ki grav e ki prèt pou rive.

Nan ka sa yo nou pa janm kominike enfòmasyon ou sòf si w ban nou pèmisyon alekri:

- Pou fè maketin
- Vann enfòmasyon ou
- Enfòmasyon delika tankou: maladi atrapan (sa gen ladan VIH ak SIDA), nòt sikoterapi, ak alkòl/dwòg

Nan ka aktivite pou kòlèk lajan

- Nou ka kontakte ou pou efò kòlèk lajan, men ou ka di nou pa kontakte ou ankò.

ITILIZASYON AK KOMINIKASYON NOU FÈ

Kijan nou itilize ouwa kominike enfòmasyon medikal ou anjeneral? Anjeneral nou itilize ouwa kominike enfòmasyon medikal ou nan fason ki annapre la yo.

Trete w

- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou ak kominike yo ba lòt pwofesyonèl k ap trete ou.
- Egzanp: Yon doktè k ap trete ou mande yon lòt doktè enfòmasyon sou eta sante jeneral ou.

Dirije òganizasyon nou an • Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon sou sante ou pou fè aktivite komèsyal ki rele operasyon swen sante. Operasyon swen sante yo gen ladan fè bagay ki pèmèt nou amelyore kalite swen nou bay yo, diminye depans swen sante yo, epi kontakte ou lè sa nesesè.

- *Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.*

Faktire ou pou sèvis ou yo • Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon sou sante ou pou voye bòdwo epi jwenn peman nan men plan sante oswa lòt antite.

- *Egzanp: Nou bay plan asirans sante ou enfòmasyon ki konsène ou pou li ka peye pou sèvis ou yo.*

Ki lòt jan nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou? Nou gen otorizasyon oswa nou gen obligasyon pou kominike enfòmasyon ou yo nan lòt fason, anjeneral nan fason ki kontribye pou byen piblik la. Nou dwe respekte lalwa epi ranpli sèten kondisyon anvan nou kapab kominike enfòmasyon ou nan bi sa yo.

Ede pou pwoblèm sante ak sekirite piblik • Nou ka kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou pou sèten sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
- Ede lè y ap retire pwodui nan sikilasyon
- Fè rapò reyaksyon negatif ak medikaman
- Fè rapò lè yo sispèk abi, neglijan oswa vyolans nan kay
- Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

Rechèch • Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch sou sante.

Respekte lalwa • Nou pral kominike enfòmasyon w si lwa Eta oswa lwa federal yo egzije pou fè sa, sa gen ladan kominikasyon ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal

Reponn demann don ògàn ak tisi • Nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou ba òganizasyon akizisyon ògàn oswa lòt antite ki angaje nan akizisyon, bank oswa transplantasyon ògàn oswa tisi nan bi pou fasilite don an ak transplantasyon an.

Kolabore ak yon doktè egzaminatè oswa responsab ponp finèb • Nou ka kominike enfòmasyon medikal ba yon medsen leis, doktè egzaminatè, oswa responsab ponp finèb lè yon moun mouri.

Demann pou konpansasyon travayè, responsab aplikasyon lalwa, ak lòt demann leta • Nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè
- Pou fè respekte lalwa oswa ba responsab aplikasyon lalwa yo
- Ba ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize
- Pou fonksyon espesyal leta, tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidan an

Reponn pou pwosè ak aksyon lajistis • Nou ka kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou pou reponn yon lòd tribinal oswa administratif, oswa pou reponn yon asiyasyon.

RESPONSABLITE NOU YO

- Lalwa mande nou pou pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon medikal pwoteje ou yo.
- N ap fè ou konnen touswit si gen yon vyolasyon ki fèt ki ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou.

- Nou dwe swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi avi a.
- Nou p ap itilize ni kominike enfòmasyon medikal ou nan lòt fason apa jan li dekri la a sòf si ou endike alekri nou kapab fè sa.
- Si ou di nou ou kapab fè li, ou gendwa chanje lide nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide ou.

CHANJMAN NAN KONDISYON KI NAN AVI SA A

Nou ka chanje kondisyon ki nan avi sa a, epi chanjman yo pral aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou yo. Nouvo avi a pral disponib sou demann, nan biwo nou, ak sou sit entènèt nou an.

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE TRUSTBRIDGE

Amanda Tippin, Responsab Konfidansyalite HIPAA

5300 East Ave.

West Palm Beach, FL 33407

561-227-5123

atippin@trustbridge.com

Sit entènèt Trustbridge: <https://www.trustbridge.com/>

Dat Orijinal Antre anvigè: 14 Avril 2003

Dat Antre anvigè Dènye Revizyon: 29 jen 2018 [TAL1]

Pran Desizyon Davans

Rezime Politik Direktiv Davans ^[TAL2]

Politik Trustbridge ak antite li yo se pou rekonèt ak respekte dwa ak volonte tout pasyan ak reprezantan otorize yo genyen pou yo pran desizyon sou swen sante konsènan swen medikal, tretman, oswa sèvis pou yo resevwa oswa pou yo refize nan fen lavi annakò avèk lwa ak règleman yo. Yo pa ka refize okenn pasyan sèvis nan Òganizasyon an sèlman sou baz konsènan si wi ou non pasyan an te fòmile yon Direktiv Davans, akondisyon objektif pèsonèl li ak filozofi tretman li respekte nan limit lalwa. Ou pa oblije gen yon Òdonans pou Pa Reyanime pou ou resevwa sèvis ospis.

- Pasyan an gen dwa dapre lalwa pou pran desizyon konsènan swen sante l.
- Pasyan an gen dwa dapre lalwa pou fè Direktiv Davans.
- Òganizasyon an ap respekte desizyon pasyan yo nan limit lalwa.
- Òganizasyon an pral asire yo kominike volonte pasyan an bay tout responsab swen yo.
- Nenpòt pwoblèm risk ki idantifye oswa dokiman ki gen dout dwe egzamine anvan yo mete l an aplikasyon. Si Trustbridge pa kapab aplike yon Direktiv Davans (yo), yo pral fè pasyan an ak/oswa reprezantan legal la konnen alekri pou ki rezon.

Aplikasyon Direktiv Davans: Tout Direktiv Davans ak dokiman legal yo dwe egzekite konplètman (dokiman yo fèt avèk siyati, dat ak so tribinal apwopriye si sa aplikab) pou Òganizasyon an respekte yo epi yo dwe swiv prensip ak lang nan dokiman yo. Kopi Direktiv Davans/dokiman legal yo obligatwa nan dosye medikal pasyan an.

Chanjman nan Direktiv Davans yo: Pasyan ki konpetan mantalman ka revoke oswa amande Direktiv Davans yo nenpòt lè, epi yo dwe jwenn epi mete nan dosye klinik la dokimantasyon sou chanjman sa yo. Pasyan an ak/oswa fanmi an gen responsablite pou enfòmasyon sou chanjman nan Direktiv Davans yo, sa ki pèmèt dosye medikal la montre volonte pasyan an ak fanmi an aktyèlman.

Plis enfòmasyon disponib nan Trustbridge nan tiliv nou an, *Chwa Lavi Mwen*.

Rapòte Enkyetid/Plent Kliyan

Trustbridge angaje konplètman pou ofri sèvis kliyan ekselan, ni an prensip ni antanke kesyon politik. Règleman sa a annakò avèk misyon, vizyon ak valè Òganizasyon an prevwa. Trustbridge pral nan bon moman trete, egzamine ak rezoud tout enkyetid ak plent kliyan yo.

Si ou konstate yon pèfòmans sèvis ki pa reponn ak atant ou yo, Trustbridge ak afilye li yo apresye posiblite pou diskite sou enkyetid la epi rive nan yon rezolisyon. Nou apresye kòmantè ou anpil, paske sa pèmèt nou fè rechèch, edike estaf nou an, epi amelyore andefinitif pwosesis nou yo.

Ou ka rapòte nou enkyetid oswa plent yo pa mwayen:

- Konvèsasyon avèk yon anplwaye Trustbridge
- Mesaj sou sit entènèt: www.trustbridge.com (kontakte nou nenpòt lè)
- Telefòn: Liy Defansè Pasyan 1.844.226.7313
- Lèt yo: Defansè Pasyan
Trustbridge, Inc.
5300 East Avenue
West Palm Beach, FL 33407
- Kòmantè ki soumèt sou sondaj Evalyasyon Konsomatè sou Founisè ak Sistèm Swen Sante (Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems, CAHPS) yo
OSWA
- Kòmantè ki soumèt sou sondaj Evalyasyon Sèvis Sipò pou Dèy (EGSS)

Si ou kwè Òganizasyon nou an, Trustbridge, pa te abòde kòmantè ou yo kòmsadwa sou plan entèn, ou ka fè konnen enkyetid ou yo tou bay Joint Commission an oswa bay Eta Florid la.

Ajans Rapò yo

Sizoka ou te deja kontakte Òganizasyon nou an epi nou pa te abòde enkyetid ou yo sizizaman, ou ka chwazi tou kontakte ajans yo ki endike anba a.

Joint Commission

Òganizasyon nou an akredite nan Joint Commission sou Akreditasyon Òganizasyon Swen Sante yo. Akreditasyon Ajans reglemantè sa a siyifi konfòmite ak respè ak pi gwo estanda posib pou kalite swen.

Nou ankouraje pasyan yo ak fanmi yo pataje enkyetid yo avèk ekip ospis yo a oswa nenpòt pèsone administratif pou asire rezolasyon enkyetid ak pwoblèm yo. Òganizasyon an bay yon pwosedi pou rezoud pwoblèm. Nou chèche rezoud enkyetid yo yon fason ki jis, ekitab epi nan yon delè rezonab.

Si w vle fè nenpòt kòmantè bay Joint Commission on Accreditation of Healthcare Organizations, ou ka kontakte yo:

- Sou entènèt: <http://www.jointcommission.org>
- Imèl: complaint@jointcommission.org
- Telefòn: 630-792-5800 oswa Faks: 630-792-5636 (Lendi-Vandredi, 8 a.m. - 5 p.m.)
- Kourye: Office of Quality and Patient Safety
Joint Commission
One Renaissance Boulevard
Oakbrook Terrace, IL 60181

Joint Commission fè sondaj peryodik san anonse pandan sik akreditasyon an. Nou vle kenbe pasyan nou yo ak fanmi yo enfòme sou evalyasyon enpòtan sa yo; sepandan, nou pa janm konnen dat egzak lè sondaj la pral fèt.

Liy Dirèk Ajans Florid pou Administrasyon Swen Sante

Nou gen lisans Ajans pou Administrasyon Swen Sante. Divizyon Asirans Kalite Sante pwoteje Moun Florid yo pa mwayen sipèvizyon founisè swen sante yo. Lisans Asirans Kalite Sante otorize ak/ oswa sètifye ak kontwòl 40 kalite founisè swen sante diferan, sa gen ladan lopital, mezon retrèt, etablisman rezidans asiste yo, ak ajans sante nan kay yo. Pou pote yon plent sou etablisman swen sante: **Rele Gratis: 1-888-419-3456 (Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. - 6 p.m.) oswa <http://ahca.myflorida.com>**

Fwòd Medicaid ak Rapò Abi

Fwòd nan Medicaid vle di “yon moun ki fè espri fè yon twonpri oswa defòmasyon epi li byen konnen twonpri sa a ka lakòz limenm oswa lòt moun resevwa avantaj ki pa otorize.” Sa gen ladan nenpòt zak ki reprezante fwòd selon lwa federal osnon lwa Eta aplikab pou sa ki konsène Medicaid. Pou rapòte nenpòt konpòtman fwòd ki sispèk oswa soupson abi nan pwogram Medicaid la:

Rele Gratis: 1-888-419-3456 (Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. - 6 p.m.) oswa <http://ahca.myflorida.com>

Abi ka vini sou anpil fòm, tankou: move tretman fizik oswa vèbal, blesi, atak seksyèl, vyolasyon, vyòl, pratik enjis, pratik oswa koutim ki mal, ofans, krim, oswa agresyon vèbal. Pou rapòte nenpòt abi sispèk:

Rele liy asistans pou abi a: 1-800-962-2873 oswa 1-800-96-ABUSE (24 èdtan/7 jou)

Fòmasyon sou Swen Ospis: Jesyon Sentòm ak Medikaman

Nan seksyon sa a, ou pral jwenn enfòmasyon pou ede jere sentòm moun pwòch ou yo ak pou ogmante konfò l'omaksimòm.

Famasi Trustbridge Ou

Lè Fonksyonman: 7 a.m. rive 11 p.m. chak jou, jou ferye yo ladan tou

Livrezon Medikaman

Yo pral delivre pa kourye lakay ou dirèkteman medikaman yo detèmine ki anrapò ak dyagnostik ospis ou an. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan medikaman ou – itilizasyon, efè segondè yo ka genyen, oswa konsèvasyon – rele 1.844.728.5930.

Enfòmasyon sou Medikaman Pasyan an

Chak medikaman doktè ou preskri ap akonpaye ak yon fèy enfòmasyon sou medikaman an pou pasyan an. Fèy sa a ap gen enfòmasyon sou fason pou itilize san danje chak medikaman yo preskri, sa gen ladan fason pou pran medikaman an, kilè pou pran l, ak efè segondè kouran ki asosye lè ou pran medikaman an.

Kit Konfò a*

Konsènan Kit Konfò a

Kit Konfò a gen medikaman yo itilize souvan pou jere sentòm ijan yo. Ou dwe pran chak medikaman selon machaswiv ki sou etikèt preskripsyon an ak machaswiv enfimye/enfimyè a oswa moun ki preskri ou an bay. Medikaman ki nan Kit Konfò a dwe pran sèlman lè enfimye/enfimyè a oswa moun ki preskri a enfòmasyon pasyan an. Enfimye/enfimyè a oswa moun ki preskri a ap bay enfòmasyon konsènan ki medikaman pou pran, kilè pou pran l ak pandan konbyen tan pou pran l. Tanpri enfòmasyon enfimye/enfimyè a si yo te itilize nenpòt nan medikaman ki nan Kit Konfò a. Kit Konfò a preskri presizeman pou pasyan an k ap resevwa li a epi li ka gen ladan oswa li ka pa gen ladan tout medikaman ki annapre la yo:

- **Bisacodyl (Dulcolax®)** 10 mg sipozitwa rektal
- **Hyoscyamine (Levsin®)** Anba lang konprime 0.125mg
- **Lorazepam (Ativan®)** konprime 0.5 mg
- **Morphine Sulfate (Roxanol®)** 20mg/mL (solisyon konsantre oral)

Plis Enfòmasyon Sou Chak Medikaman

Bisacodyl (Dulcolax®) Sipozitwa

Itilizasyon kouran: Soulaje konstipasyon.

Fè moun ki preskri ou an konnen si w gen nenpòt nan pwoblèm sa yo: Blòk entestinal, doulè oswa kranp nan vant, lestomak deranje, senyen rektal, rechte, oswa chanjman nan abitud pòpou ki dire pi lontan pase 2 semèn.

Fason pou itilize medikaman sa a: Medikaman sa a se yon sipozitwa rektal. Medikaman sa a pa pou vale. Lave men ou byen pwòp anvan ak apre ou fin mete sipozitwa a nan twou dèyè a. Si sipozitwa a twò mou pou fougè l, glase l nan frijidè oswa fè dlo frèt koule sou li anvan ou retire l nan anvlòp an aliminyòm lan. Si ou manyen sipozitwa a twòp, sa ka lakòz li vin moun, sa ki fè li difisil pou fougè. Pou fougè sipozitwa a, retire anvlòp papye aliminyòm lan epi mouye sipozitwa a. Pasyan an ta dwe kouche sou kote l epi ou dwe fougè pwennti sipozitwa a byen avèk yon dwèt nan twou dèyè a.

Efè segondè ki posib: kranp nan vant, kèplen, iritasyon oswa brili nan rektòm, vètij ak vomisman.

Avèti enfimye/enfimyè a touswit si nenpòt nan efè ki annapre la yo oswa lòt efè grav rive. Gratèl leve sou

po, itikè, gratezon, wouj, anfleman, anpoul, oswa po k ap dekalè avèk lafyèw oswa san lafyèw; respirasyon siflan; sere nan pwatrin oswa nan gòj; pwoblèm pou respire, vale, oswa pale; vwa anwe etranj; anfleman nan bouch, figi, po bouch, lang, oswa gòj; oswa senyen rektal oswa ou pa pou pou apre ou itilize medikaman sa a.

Hyoscyamine (Levsin®) Konprime pou mete anba lang

Itilizasyon kouran: Pou diminye sekresyon. Yo ka itilize li pou trete lòt pwoblèm dapre desizyon moun ki preskri a.

Fason pou itilize medikaman sa a: Medikaman sa a dwe pran nan bouch.

Efè segondè ki posib: Bouch ak/oswa je sèk, vizyon twoub, konstipasyon, vètij, anvi dòmi, diminisyon transpirasyon, ajitasyon oswa difikilte pou dòmi.

Avèti enfimye/enfimyè a touswit si nenpòt nan efè ki annapre la yo oswa lòt efè grav rive. Feblès etranj, vomisman, difikilte pou pipi, doulè oswa anfleman nan vant, gratèl leve sou kò, palpitasyon oswa batman kè rapid, pa transpire nan tanperati cho oswa pandan aktivite, feblès nan misk, oswa chanjman nan konpòtman tankou eksitasyon oswa konfizyon etranj.

Konprime (Ativan®) Lorazepam

Itilizasyon kouran: Pou trete anksyete, tranbleman ak difikilte pou pran somèy.

Fason pou itilize medikaman sa a: Tablèt yo dwe pran nan bouch. Yo ka pran medikaman sa avèk oswa san manje.

Lòt prekosyon pou medikaman sa a: Medikaman sa a pa dwe sispann oswa kanpe san verifye toudabò avèk enfimye/enfimyè a oswa moun ki preskri a. Sispann medikaman sa a toudenkou ka lakòz sentòm sevraj.

Efè segondè ki posib: Anvi dòmi, vètij.

Avèti enfimye/enfimyè a touswit si nenpòt nan efè ki annapre la yo oswa lòt efè grav rive. Konfizyon, enstabilite, difikilte pou mache, pwoblèm memwa, ajitasyon, kòlè, chanjman nan konpòtman, sansasyon feblès etranj, vètij grav oswa endispozisyon.

Morphine Sulfate (Roxanol®) Solisyon Oral Konsantre

Itilizasyon kouran: Pou soulaje doulè ak souf kout. Li kapab soulaje tou doulè ki ka rive ant dòz medikaman pou doulè aksyon pi long yo. Yo kapab bay li tou anvan aktivite ki ka lakòz doulè, tankou chanjman pozisyon nan kabann oswa chanjman pansman blesi.

Fason pou itilize medikaman sa a: Medikaman sa se yon solisyon konsantre yo dwe pran nan bouch. Pou mezire likid la ak anpil atansyon, sèvi sèlman avèk aparèy pou mezire yo bay ak medikaman an (al gade nan Solisyon Oral Morphine Sulfate: Machaswiv pou Sereng Oral). Medikaman sa a kapab vale. Si li twò difisil pou vale, yo ka mete medikaman sa a anba lang tou. Medikaman sa a kapab melanje tou avèk yon ti kantite dlo, lèt, ji, sòs pòm oswa poudin.

Efè segondè ki posib: Anvi dòmi, vètij, boulvèsman lestomak, transpirasyon, kò ki vin tou wouj, gratezon oswa konstipasyon.

Avèti enfimye/enfimyè a touswit si nenpòt nan efè ki annapre la yo oswa lòt efè grav rive. Sedasyon grav, kontraksyon misk, konfizyon, alisinasyon, chanjman pèsonalite, pwoblèm pou respire, gratèl, itikè oswa tranbleman.

Estokaj Kit Konfò

Kenbe Kit Konfò a ak kontni li nan yon kote ki an sekirite kote timoun yo pa ka rive, paske Kit Konfò a pa rezistan pou timoun.

Pa estoke li nan twalèt, ni nan chalè oswa limyè.

Prekosyon

Enfòm enfimye/enfimyè a oswa doktè a si pasyan an fè alèji ak nenpòt medikaman ki nan Kit Konfò a, oswa medikaman menm jan ak sa ki nan Kit la.

Avèti enfimye/enfimyè a oswa moun ki preskri a si sentòm yo pa amelyore oswa yo vin pi mal.

Medikaman nan Kit Konfò a ka lakòz vètij, anvi dòmi oswa fè li difisil pou konsantre. Pou evite santi toudisman, pasyan an dwe leve dousman sot nan pozisyon chita oswa kouche. Pa eseye travay ki mande vijilans pandan w ap pran medikaman nan Kit Konfò a.

Pa pataje medikaman ak okenn moun ki pa moun yo te preskri medikaman an.

Enfòm enfimye/enfimyè oswa moun ki preskri a osijè lòt medikaman, remèd abaz plant, alkòl, oswa medikaman san preskripsyon pasyan an ap pran anvan li itilize medikaman yo.

Enfòmasyon sa yo pa ranplase nesesitye pou swiv direktiv doktè ou ak nesesitye pou li fich enfòmasyon medikaman yo bay avèk preskripsyon ou (yo).

**Adapte avèk pèmasyon Enclara Pharmacia 2017*

Jesyon Doulè

DEFINISYON	DOULÈ se yon bagay sibjektif (pèsonèl). Se kèlkeswa sa moun lan di l ye. Chak moun gen yon tolerans diferan pou doulè. Doulè ka alafwa yon sansasyon fizik ak yon eksperyans emosyonèl. Se sèlman moun ki genyen l lan ki ka dekri doulè a, entansite doulè a, sansasyon doulè a ak efikasite mezi pou soulajman doulè a. Lè yon moun pa ka fè konnen doulè vèbalman, nou konte sou endikatè doulè ki pa pawòl tankou ekspresyon vizaj ak kò.
KÒZ YO	Ka gen anpil kòz pou doulè oswa malèz, tankou: • Kansè (primè oswa metastatik). • Anflamasyon nan jwenti oswa lòt zòn nan kò a. • Kontraksyon misk. • Domaj nan ògàn oswa nè akòz yon maladi oswa blesi.

Training on Common Side Effects of Pain Medication

Definition: Unwanted effects which may occur in addition to the desired therapeutic effect of taking a medication



Constipation




Nausea/Vomiting



Dry Mouth




Drowsiness/Sedation




Dizziness



Itching




Rash



Upset Stomach



Blurred Vision



Dry Eyes

RAPÒ/ EVALYASYON DOULÈ

- Si moun nan ka rapòte doulè a – mande l sa ki annapre la yo:
 - Nan ki pwen doulè a grav baze sou yon echèl kote zewo egal pa gen okenn doulè epi 10 se doulè imajinab ki pi mal la?
 - Kikote doulè a ye?
 - Ak kisa doulè a sanble?
 - Kisa ki kalme doulè a oswa kisa ki fè li vin pi mal?
 - Ak ki efikasite medikaman pou doulè oswa lòt entèvansyon aji?
- Endikatè doulè ki pa pawòl yo gen ladan kèk nan sa ki annapre la yo:
 - Grimas figi; fwonse sousi.
 - Dlo nan zye; kriye.
 - Grimas; fwotman; rakokiye kò.
 - Ajitasyon.
 - Plent vokal tankou jemi, plenn oswa rele.



0
No Hurt

Ningün Dolor
Pa gen doulè ditou



2
Hurts Little Bit




4
Hurts Little More

Dolor moderado
Yon doulè ki pa twò fò




6
Hurts Even More



8
Hurts Whole Lot

Dolor peor posible
Yon doulè pi fò anpil



10
Hurts Worst

MEDIKAMAN OPYOYID (NAKOTIK) YO ITILIZE ÒDINÈMAN POU DOULÈ

Sa ki annapre la yo se opyoyid (nakotik) yo itilize souvan pou trete doulè:

- Morphine Sulfate IR (MSIR efè imedya).
- Morphine Sulfate ER (MS Contin efè pwolonje).
- Oxycodone IR (Oxy IR – efè imedya).
- Oxycodone ER (Oxycontin – efè pwolonje).
- Fentanyl topical (Patch Duragesic) (*gade machaswiv espesyal yo pou jwenn plis enfòmasyon sou medikaman sa a*).
- Hydromorphone (Dilaudid).
- Methadone (*gade machaswiv espesyal yo pou jwenn plis enfòmasyon sou medikaman sa a*).
- Hydrocodone ak acetaminophen (Vicodin oswa Lortab).
- Hydrocodone ak ibuprofen (Vicoprofen).
- Oxycodone ak acetaminophen (Percocet).

Adiksyon.: Alèkile nou wè medya yo konsantre anpil sou adiksyon opyoyid (nakotik). Kòm rezilta, gen kèk moun ki enkyete pou itilizasyon opyoyid pou tretman doulè epi akòz yo ka vin “depann” de medikaman pou doulè. Adiksyon pou opyoyid se yon modèl dezi sikolojik pou jwenn epi sèvi ak yon dwòg pou efè li gen sou lespri ou. (“Pou vin elve.”) Mande tèt ou, “Si mwen pa te gen doulè, èske m t ap pran medikaman sa a?” Gen pi gwo chans pou repons lan se “Non.”

Si yo itilize medikaman fò pou doulè yo bonè, sa pral anpeche bon soulajman doulè lè li nesesè toutbon alavni: Medikaman pou doulè ki bay kòrèkteman pa sispann aji ofiramezi tan ap pase. Ofiramezi maladi a ap pwogrese li ka nesesè pou chanje medikaman pou doulè a oswa dòz la. Sa pa endike adiksyon men pito yon pwogresyon natirèl maladi a.

On fwa yon moun sou mòfin, lanmò a toupre oswa mòfin lan akselere lanmò a: Mòfin ak lòt opyoyid yo pa akselere lanmò, ni yo pa pwolonje lavi yo. Mòfin pa lakòz lanmò, se maladi kache alabaz la ki lakòz li.

Doulè a fè pati maladi a: Kèk moun rapòte mwens doulè pase sa yo santi reyèlman paske yo kwè doulè ak maladi mache men-nan-men epi yo dwe tolere doulè a. Se pa tout moun ki gen maladi ki limite lavi ki santi doulè. Doulè san kontwòl ka anpeche yon moun pwofite yon pi bon kalite lavi epi li ka fè lòt sentòm yo vin pi mal.

Piki yo pi bon pase medikaman nan bouch yo: Piki yo nesesè sèlman si yon moun pa ka pran medikaman nan bouch. Preparasyon nan bouch yo efikas. Fòm oral aksyon pwolonje yo vle di meyè kontwòl doulè a ak bay medikaman mwens souvan.

Efè segondè (kèplen, vomisman, konstipasyon, elatriye) se alèji yo ye: Vrè alèji ak mòfin ak lòt opyoyid yo se bagay ki ra. Efè segondè yo kapab jere.

EFÈ SEGONDÈ KOURAN MEDIKAMAN POU DOULÈ YO	1. Konstipasyon: Tout opyoyid lakòz konstipasyon. Pou rezon sa, li rekòmande anjeneral pou pran yon laksatif ansanm ak yon opyoyid. 2. Kèplen/vomisman: Sentòm ki annapre la yo diminye òdinèman apre kèk jou. Doktè ou ka te bay lòd pou yon medikaman pou soulaje sentòm ki sa yo. Si li pa te fè sa, kontakte Trustbridge imedyatman. 3. Bouch sèk: • Manje popsicle, shake, yogurt, gout sitwon ak/oswa ice chips. • Ogmante konsomasyon likid, tank li tolere. • Rense bouch souvan. Sèvi ak rens bouch avèk menajman epi itilize SÈLMAN renns bouch ki make pou “bouch sèk.” • Si sechrès la grav, mande enfimye/enfimyè ou saliv atifisyèl. 4. Sedasyon oswa anvi dòmi: Anvi dòmi se fason kò a reprann enèji ak repoze sot nan tansyon doulè a te mete sou kò ou. Si anvi dòmi an pa diminye nan kèk jou, kontakte Trustbridge. Bwason ki gen kafeyin tankou kafe oswa te ka itilize pou minimize kalman. 5. Vètij: Lè w ap kòmanse opyoyid oswa nenpòt lè w ap ogmante dòz la, ou dwe konnen ou ka santi vètij lè w ap sot nan kabann, sot nan yon chèz oswa lè w ap patisipe nan nenpòt aktivite fatigan. • Deplase pi dousman lè w ap sot nan kabann oswa leve sot nan yon chèz. • Pèmèt pye ou panndye sou kote kabann lan oswa chèz la anvan ou eseye leve. • Rele pou mande èd lè sa nesesè. • Evite aktivite fatigan tankou kondi, netwayaj oswa kwit manje. • Asire ou ke anviwònman lakay ou an sekirite kont ankonbreman tapi ak fil ki detache, epi kenbe zòn lan byen klere. 6. Demanjezon: Gratezon ka rive jiska 3 jou lè yon dòz kòmanse oswa ogmante. 7. Kontakte Trustbridge imedyatman si gen yon kòmansman sedasyon grav toudenkou, gratèl/itikè oswa nenpòt lòt efè grav oswa sentòm ki enkyete ou anrapò ak medikaman ou.
MACHASWIV JENERAL POU JESYON DOULÈ	1. Objektif jesyon doulè a se pou moun lan vijilan pandan doulè a anba kontwòl. 2. Doulè a adisyon. Meyè metòd la se pran medikaman pou doulè a selon yon orè regilye, vennkat sou vennkat olye ou tou senpleman pran l lè sa nesesè. Si ou rete tann twò lontan pou pran medikaman pou doulè ou, doulè a ka vin sitèlman grav medikaman an pa efikas ankò. 3. On fwa ou pa gen doulè, li enpòtan pou ou kontinye orè medikaman an jan doktè ou mande. Medikaman diferan pou doulè efikas pou longè tan ki diferan. Li trè enpòtan pou pran medikaman nan entèval ki apwopriye. 4. Si ou kenbe yon dosye egzat konsènan lè nan jounen ou pran medikaman pou doulè ou ak nivo soulajman ou santi, sa pral ede ekip ospis ou an jere pi byen bezwen kontwòl doulè ou yo. 5. PA kraze medikaman nan bouch pou doulè aksyon pwolonje yo. Si ou pa kapab vale oswa ou gen difikilte pou vale, kontakte Trustbridge epi yo ka preskri yon lòt medikaman oswa yon lòt wout pou pran medikaman an.



KILÈ POU PRAN PLIS MEDIKAMAN POU DOULÈ	DÒZ VENNKAT SOU VENNKAT Pi bon fason pou jere doulè se kontwole li avèk yon orè regilye medikaman vennkat sou vennkat ki pèmèt moun lan konfòtab ak vijilan. Gen de fason pou dòz vennkat sou vennkat. Doktè a ka bay lòd pou: A. Opyoyid aksyon pwolonje pou bay, chak 8, 12 oswa 24 èdtan, vennkat sou vennkat. OSWA B. Opyoyid aksyon kout pou bay chak kèk èdtan vennkat sou vennkat. Dòz selon bezwen (Ke yo rele tou kòm “Dòz Efikas” oswa “Dòz Sekou”) Ka gen peryòd tan lè doulè a ogmante akòz aktivite, pwogresyon maladi oswa nesosite pou chanje kantite medikaman vennkat sou vennkat la. Pou rezon sa medsen yo souvan òdone dòz opyoyid aksyon kout “selon bezwen”. 1. Si w ap pran medikaman regilye pou doulè ou vennkat sou vennkat epi ou gen doulè, ou ka pran medikaman pou doulè “selon bezwen” an tou. 2. Medikaman pou doulè “selon bezwen” sa yo oswa dòz “selon bezwen” yo nan menm medikaman pou doulè yo preskri souvan yo disponib chak 1 oswa 2 èdtan lè malèz/doulè a nan yon nivo ki pa konfòtab. 3. Ou ka pran medikaman “selon bezwen” sa (dòz sekou) anmenmtan ou pran dòz ki pwograme regilyèman an oswa nenpòt lè nan entèval dòz regilye vennkat sou vennkat ou an. Sa pa pral lakòz ou gen “sidozaj.” 4. Ou dwe toujou pran dòz vennkat sou vennkat ou an, men dòz “selon bezwen” yo se pou bay soulajman kout pou peryòd sa yo lè medikaman vennkat sou vennkat ou an pa sifi pou trete doulè ou santi a. 5. Ou ka itilize dòz “selon bezwen” yo souvan oswa raman selon nesosite pou konfò ou toutotan ou swiv direktiv yo pou kantite yo ak entèval tan doktè ou te preskri a. 6. Dosye egzat ou kenbe a trè enpòtan ak itil. Enfimye/enfimyè ou ak doktè ou pral egzamine fèy swivi siveyans doulè ou pou evalye nesosite pou nenpòt chanjman nan medikaman pou doulè a.
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	1. Distraksyon oswa detounman: Anpil moun ki gen doulè kwonik rapòte ke konsantrasyon sou yon lòt bagay pase doulè a gendwa ede. Kèk bagay ou dwe eseye se gade televizyon oswa fim, fè lekti, koute mizik, ekri, fè penti oswa lòt aktivite ou renmen. 2. Meditasyon ak relaksasyon: Meditasyon ak egzèsis pou respire ka ede diminye tansyon nan misk yo. Anpil bibliyotèk gen CD meditasyon ki disponib pou prete. Lòt opsyon yo se lapriyè, vizyalizasyon ak/oswa respirasyon afon sible. 3. Masaj: Masaj dou, fwotman kò oswa tou senpleman yon manyen dou ka kalme. 4. Pran medikaman ou jan yo bay lòd la: Kenbe yon dosye sou chak dòz ou pran ak evalyasyon doulè ou an (repons pou medikaman) 1 èdtan apre administrasyon medikaman ou an. 5. Avèti Trustbridge si doulè ou an pa soulaje oswa si li vin pi mal.

**BAGAY POU
FÈ AVÈK
APWOBASYON
MEDSEN AN**

- o **Pake Chalè Imid:** Chalè imid ankouraje relaksasyon misk yo, yo souaje kontraksyon misk yo epi ogmante sikilasyon san nan zòn lan.
 - **Materyèl ki Nesesè:** 1 gwo sache frizè Ziploc, 1 gwo sèvyèt de beny ak 1 ti sèvyèt.
 - **Pwosedi:**
 - Fè dlo cho tiyo koule sou ti sèvyèt la epi tòde l.
 - Pliye sèvyèt la epi mete l nan sache Ziploc OUVÈ. (PA fèmen sache a.)
 - Mete sache a nan maykwowev epi limen l sou high pandan 1 - 2 minit.
 - Retire pake sèvyèt trè cho a nan maykwowev la avèk anpil prekosyon, pandan ou kenbe vapè a lwen figi ou epi evite boule tèt ou. Kachte sache Ziploc la.
 - Vlope pake sèvyèt cho avèk gwo sèvyèt sèk la pou anpeche ou boule lè ou mete l sou pati nan kò a.
 - Mete pake vlope nan sèvyèt la sou zòn kò ki afekte/fè mal la. Ou ka mete yon sèvyèt anplis oswa yon dra anlè pou kenbe zòn lan cho otank posib.
 - Kite l sou kò ou pou pipilis pandan 20 – 30 minit alafwa.
- o **Pake Frèt Nèj Fonn:** Fredi diminye doulè ak diminye anfleman.
 - **Materyèl ki Nesesè:** 1 gwo sache frizè Ziploc, alkòl friksyon, dlo, 1 gwo sèvyèt de beny ak 1 ti sèvyèt.
 - **Pwosedi**
 - Melanje 3 tas dlo ak 1 tas alkòl nan sache Ziploc la.
 - Retire tout kantite lè ki posib epi kachte sache a.
 - Mete melanj lan lannwit nan frizè.
 - Mete sèvyèt ant pati nan kò a ak pake a pou pèmèt po a ajiste l ak fred a oframezi.
 - Adapte pake frèt la ak fòm zòn nan kò a epi kouvri l ak yon sèvyèt anplis.
 - Fredi a pa pral jele po a lè li aplike kòrèkteman.
 - Kite l an plas pou konfò pasyan an, pou pipilis pandan 10 – 15 minit.

Itilizasyon Sereng Oral Mòfin

Solisyon Oral Morphine Sulfate; 100mg/5mL (20mg/mL); Sereng Oral 1mL

	Etap pou Swiv 1. Foure bouchon boutèy nan kou boutèy la, ak pwent striye a anpremye. 2. Foure pwent sereng lan nan twou ki sou tèt bouchon an jiskaske li byen fikse. 3. Vire boutèy la tèt anba epi rale piston blan sereng lan jouk rive nan sou liy ki koresponn ak dòz doktè ou preskri a. 4. Vire boutèy la landwat. Devise pou retire sereng lan.
	Konsèy Anplis • Toujou sèvi ak sereng oral yo bay la pou asire ou mezire bon kantite a. • Dòz kouran yo gen ladan: • 5mg (0.25mL) • 10mg (0.5mL) • 15mg (0.75mL) • 20mg (1mL)
 Figure H	Swit Etap yo 5. Mete pwent sereng lan nan bouch ou. 6. Pou pran medikaman an, pouse piston an dousman jiskaske sereng lan vid. 7. On fwa w fin bay medikaman an, rense sereng lan avèk dlo. 8. Kite bouchon an nan boutèy la. Rebouche boutèy la byen sere avèk bouchon apwovizyone yo bay la.

Enfòmasyon Byen Presi pou Medikaman

Patch Fentanyl pou Jesyon Doule

Konsènan Patch Fentanyl

Fentanyl se yon patch opyoyid pou po yo itilize pou jesyon doule pèsistan soti nan modere rive nan grav.

- Non Komèsyal Duragesic®
- Yo preskri l pou moun ki deja ap itilize yon opyoyid oral pou soulajman doule.

Kijan Li Fonksyone

- Apre aplikasyon patch fentanyl la, medikaman an travèse po a pou li ale nan “kouch grès” po a epi li absòbe nan kò a.
- Yon sèten kantite medikaman dwe akimile nan po a anvan ase medikaman bay soulajman doule a absòbe nan kò a.
- Sa ka pran 12 a 24 èdtan anvan premye dòz fentanyl la kòmanse aji.
- Ou ka oblije pran yon opyoyid oral aksyon rapid nan bouch pou soulaje doule a pandan dòz fentanyl ou an ap ajiste.
- Yo chanje patch yo chak 72 èdtan (oswa 48 èdtan) jan doktè ou preskri.
- Gen medikaman toujou nan patch la ki pral antre nan kò ou lè moman rive pou chanje patch la. Men, yo estime ke kantite medikaman ki rete nan patch la gendwa pa sifi pou jere doule ou an konplètman apre 72 èdtan.

Kijan Pou Aplike Patch la

Yo aplike patch Fentanyl yo aplike sou po. Li enpòtan pou yo aplike kòrèkteman pou medikaman an absòbe byen nan po ou.

- **Kikote pou aplike patch la**
 - Patch la ka aplike sou yon zòn plat nan pwatrin, do oswa anwo nan bra.
 - Si w ap mete patch la sou yon moun ki gen diminyon vijilans mantal (li bwouye oswa li vin ajite) chwazi yon zòn nan do.
 - PA aplike dirèkteman sou yon zo, tankou zo klavikil ou. Medikaman an aji pi byen si gen kèk “tisi gra” anba po a.
 - Chwazi yon plas kote po a pa twò gra epi li pa gen sikatris, li pa koupe oswa boule.
- **Aplikasyon**
 - Si sa nesesè, netwaye po a avèk dlo. PA sèvi ak okenn savon, netwayan, losyon, oswa okenn bagay ki gen lwil oswa alkòl nan yo. Kite li seche konplètman.
 - Patch la ap rete an plas pi byen si li aplike nan yon zòn ki gen tikras oswa ki pa gen pwal. Si sa nesesè ou ka koupe pwal yo ak sizo men PA raze yo.
 - Retire revètman ki kouvri bò gonmen patch pou po a. (Fè atansyon pou evite manyen bò ki ale sou po a.)
 - Peze patch la byen fèm an plas avèk plamen ou epi kenbe l pandan omwen 30 segonn.
 - Asire ou ke tout sifas adezif la tache ak po a (sitou rebò yo).
 - Lave men ou avèk savon ak dlo.
- **Si ou gen difikilte pou patch la rete kole**
 - Ou ka aplike adezif premye swen sou rebò patch la SÈLMAN. PA tepe sou tout patch la.
 - Si li tonbe apre aplikasyon an, jete patch la (gade Fòmasyon Sekirite a: Eliminasyon medikaman san danje) epi mete yon patch nèt.

- **Nouvo aplikasyon**
 - Swiv direktiv doktè a pou konnen chak kilè pou ou aplike pou yon patch nèf.
 - Anjeneral yo chanje patch yo chak 72 èdtan (3 jou).
 - Retire ansyen patch la anvan ou aplike nouvo patch la paske ansyen patch yo toujou genyen enpe medikaman (gade nan paj 55).
 - Chwazi yon nouvo zòn epi swiv pwosedi pou aplikasyon an.
- **Manipilasyon San danje**
 - Pa koupe ni itilize patch ki andomaje. Si patch la souse jèl, lave po ki afekte a nèt avèk anpil dlo (pa mete savon) epi kontakte enfimye/enfimyè a.
 - **Patch ize yo gen medikaman aktif nan yo epi yo toujou epi yo reprezante yon danje pou lòt moun.**
 - Konsève patch yo nan yon zòn kote tanperati a pa depase 77° F.
- **Aplikasyon San danje**
 - Pa sèvi ak plis patch pase sa yo preskri. Retire ansyen patch la anvan ou aplike nouvo patch la.
 - Evite chalè sou zòn patch la (ekspeze twòp nan solèy, sona, basen cho, pad chofan, dra elektrik, elatriye). Kò a ka absòbe twòp medikaman lè chalè a twòp.
 - Evite kouvèti sere sou zòn patch la.
- **Rele Trustbridge touswit pou yon lafyèv ki pi wo pase 102°F.** Lafyèv ka lakòz medikaman an absòbe pi rapid pase sa yo preskri a.

E Si Mwen Bliye Chanje Patch la oswa M Chanje l Twò Bonè?

- **Dòz rate – bliye chanje patch la.**
 - Mete yon nouvo dèke ou kapab.
 - PA mete patch anplis pou ratrape dòz la.
 - Fè Trustbridge konnen. Ou ka resevwa kèk avantaj medikaman toujou ki rete nan patch la men dòz la p ap nan tout wotè ki nesese pou jere doulè ou an. Ou ka bezwen pran yon opyoyid oral aksyon rapid ki disponib pou soulajman doulè imedyat.
- **Chanje patch la twò bonè.**
 - Chanje patch la twò bonè pa pral lakòz yon ovèdoz.
 - Chanje patch la pi bonè pa pral bay plis soulajman doulè.
 - Fè Trustbridge konnen. Sa gendwa siyifi fentanyl ou an dwe renouvle pi bonè.
- **Bliye retire ansyen patch la – mete plizyè patch.**
 - Rele Trustbridge 1.888.441.4040.
 - Chèche siy sedasyon oswa nenpòt nan efè segondè yo ki site anba a.

Efè Segondè

- Efè segondè kouran yo se menm bagay la pou lòt opyoyid yo. Gade nan paj anvan yo.
- **Kontakte Trustbridge imedyatman** si ou santi nenpòt nan sa ki annapre la yo:
 - Pwoblèm pou respire oswa respirasyon trè lan.
 - Gwo vètij, pèt konesans oswa konfizyon.
 - Batman kè ralanti oswa rapid.
 - Move maltèt.
 - Doulè nan pwatrin.
 - Anflamasyon nan bra oswa janm oswa ogmantasyon pwa etranj.

Entèraksyon Manje ak Medikaman

- **PA manje chadèk ni bwè ji chadèk pandan ou sou medikaman sa a.**
- Asire ke ou avèti enfimye/enfimyè ou si ou fè nenpòt chanjman nan medikaman sou preskripsyon ou oswa si ou te ajoute nenpòt nouvo remèd abaz lant, vitamin oswa medikaman san preskripsyon, sa gen ladan konsomasyon alkòl.

Prekosyon Sekirite

- **Enkyetid Sekirite pou Timoun ak Bèt Kay.**
 - Konsève patch la an sekirite epi lwen timoun ak bèt kay.
 - Pa kite timoun yo wè lè ou ap aplike patch la.
 - Pa rele patch la yon otokolan. Sa gendwa ankouraje timoun yo imite aksyon ou yo.
 - Pa aplike sou zòn nan kò ou kote timoun yo ka wè l. Timoun yo konn retire patch sou granmoun yo epi mete yo nan bouch yo oswa sou kò yo, avèk rezilta mòtèl.
- **Si yon moun moulen, souse oswa enjere yon patch chèche swen medikal touswit.**

Eliminasyon Patch Ize yo: Patch ize yo gen medikaman aktif nan yo toujou. Pou pwoteje lòt moun, pou elimine tout patch itilize yo san danje, pliye pati kolan yo ansanm epi flòch patch yo nan twalèt touswit. Patch IZE yo se sèl eksepsyon nan règ eliminasyon medikaman san danje yo. Yo dwe flòch yo nan twalèt pou detwi yo. PA mete yo nan fatra.



Methadone pou Jesyon Doulè

Konsènan Methadone

Yo itilize Methadone pou soulaje doulè grav. Non Komèsyal yo gen ladan Dolophine® ak Methadose®.

- Sa ka pran apeprè 1 semèn anvan tout efè soulajman doulè a rive.
- **PA** pran dòz Methadone anplis sòf si doktè ou preskri yo. Sa ka ogmante efè segondè yo epi li ka lakòz toksisite ak Methadone.
- Si ou gen doulè toujou apre ou fin pran medikaman ou yo, kontakte Trustbridge nan 1.888.441.4040.

Administrasyon

- Ou dwe pran Methadone lan egzakteman jan doktè ou preskri.
- Ou ka kraze konprime yo si ou pa kapab vale yo. Ou ka mete konprime kraze yo nan sòs pòm pou ede ou vale yo.
- Si yo preskri ou solisyon methadone oral likid, sèvi ak aparèy pou mezire yo bay la pou mezire avèk presizyon dòz yo preskri ou a (pa sèvi ak kiyè nan kay yo).
- Si ou rate yon dòz, **PA** double dòz yo. Kontakte enfimye/enfimyè ou pou konnen kijan pou kontinye medikaman ou yo.

Efè Segondè

- Efè segondè kouran yo se menm bagay ak pou lòt opyoyid yo. Gade nan paj anvan yo.
- **Kontakte Trustbridge imedyatman** si ou santi nenpòt nan sa ki annapre la yo:
 - Respirasyon difisil oswa respirasyon ki lan.
 - Pwoblèm pou rete jeklè.
 - Batman kè rapid.
 - Vètij etranj oswa estrèm oswa pèt konesans.
 - Twòp anvi dòmi oswa difikilte pou reveye.
 - Wonfle fò oswa etranj (pa nan abitud dòmi ou anjeneral).
 - Siy reyaksyon alèjik: gratèl, itikè, anflamasyon.

Entèraksyon Manje ak Medikaman

- Methadone gen entèraksyon avèk sèten medikaman sou preskripsyon, medikaman san preskripsyon ak vitamin/siplemant abaz plant. Entèraksyon ki annapre la yo ka lakòz ogmantasyon efè segondè ak posiblite pou toksisite.
- Li enpòtan pou bay enfimye/enfimyè ou yon lis konplè tout medikaman ou yo, sa gen ladan si ou prevwa pou kanpe, chanje oswa ajoute nenpòt nouvo medikaman.

Prekosyon Sekirite

- Methadone lan dwe toujou konsève nan yon kote an sekirite kote timoun yo pa ka atenn li.
- Pa estoke methadone a dekouvè (kontwa kuizin, twalèt oswa kote byen vizib).
- Yon sèl dòz methadone ka trè danjere pou yon moun ki pa abitye ak li.

Toumant / Ajitasyon

DEFINISYON	TOUMANT: Yon enkapasite pou repoze, detann oswa konsantre. AJITASYON: Toumant estrèm. Ou ka obsève toumant ak/oswa ajitasyon nan èdtan oswa jou yo anvan lanmò a.
SIY AK SENTÒM YO	- Ajitasyon. - Ajite, bouje san yon rezon koni. - Pa ka dòmi. - Pa kapab konsantre. - Enkapasite pou vin konfòtab. - Eseye soti nan kabann pou okenn rezon koni. - Kontraksyon nan misk. - Fè grimas. - Rale oswa grate dra, kouvèti, oswa rad.
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	- Ofri rekonfò souvan. - Relaksasyon: - Kenbe anviwònman an trankil - jwe mizik kalman. - Diminye kantite vizitè yo. - Li istwa, powèm prefere, elatriye, nan yon vwa kalm. - Ofri lapriye oswa meditasyon, si sa apwopriye ak kwayans moun lan. - Kenbe men moun lan. - Fè masaj nan men oswa pye ka itil. - Kenbe moun lan an sekirite. Si moun lan ap soti nan kabann lan, pa kite l pou kont li. - Pran/administre medikaman yo jan yo preskri yo. Avèti Trustbridge si toumant/ajitasyon an pa soulaje, si li nouvo oswa l ap vin pi grav. Pafwa ajitasyon se yon reyaksyon ak malèz fizik. Anvan ou rele Trustbridge li ta itil si ou ta kapab rasanble enfòmasyon ki annapre la yo pou bay enfimye/enfimyè a. - Èske konpòtman sa a nouvo oswa li rive toudenkou? - Èske ajitasyon an ap ogmante nan gravite ak dire? - Èske moun lan konstipe? Ki dènye lè moun lan te pòpou? Èske ou ka dekri li? - Ki dènye lè moun lan te pipi? (Te gen yon kouchèt mouye oswa pase pipi?) - Èske moun lan bwè likid? - Èske moun lan gen difikilte pou vale? Kapab pran medikaman? - Èske moun lan ap resevwa nenpòt nouvo medikaman? Nenpòt medikaman pou ajitasyon? Si se wi, ki medikaman ak kilè dènye dòz la te ye?

Pwoblèm pou Respire/Souf kout

DEFINISYON	DIFIKILTE POU RESPIRE/SOUF KOUT se yon konsyans sibjektif (pèsonèl) ak enkonfòtab pou respirasyon. Yo ka dekri l tankou ou pa jwenn ase lè (yon sansasyon ke ou pa ka reprann souf ou, tankou sal la ap fèmen peze ou oswa pa gen ase lè nan sal la). Souf kout pa nesèsèman konekte ak aparans yon moun oswa ak yon nivo oksijèn ki ba. Tèm medikal yo itilize pou sa a se disne.
KÒZ YO	Ka gen anpil kòz pou difikilte pou respire, tankou: • Maladi ki afekte poumon yo oswa sistèm kè a. • Akimilasyon likid nan kavite ki toupre poumon yo ki pouse sou poumon yo. • Chanjman natirèl nan chimi sèvo a nan fen lavi ki mennen nan divès kalite chanjman modèl respirasyon. Kèlkeswa kòz la, souf kout souvan lakòz anksyete epi anksyete a ogmante demann oksijèn nan kò a, sa ki fè souf kout la vin pi mal. Tretman ni souf kout la ni anksyete a ede soulaje sentòm yo.
SIY AK SENTÒM YO	• Ou santi ou “esoufle” oswa ou pa kapab pale ak fraz konplè. • Chita avèk men sou jenou ou, oswa sou rebò kabann lan, apiye sou tab bò kabann lan pou respire. • Sèvi ak kou, zepòl, pwatrin ak misk vant pou respire. • Santiman anksyete oswa laperèz. Ka parèt sou estrès, enkyete ak pè. • Po bouch ak anba zong yo ka gen koulè ble epi manm yo frèt ak/oswa “takete.”
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	• Pozisyon an enpòtan. • Chita sou yon chèz oswa yon fotèy ki ka encline. Si ou kapab, eseye chita epi panche devan sou yon tab oswa panche devan avèk men sou jenou ou. • Pandan ou kouche nan kabann, elve tèt ou sou zòrye oswa monte tèt yon kabann elektrik. • Kenbe chanm lan fre. Sèvi ak èkondisyone olye ou louver fenèt ak pòt yo. • Ogmante mouvman lè a. Dirije yon vantilatè dousman pou l soufle sou bò figi ou. • Aplike yon moso twal fre nan tèt ou oswa nan kou. • Rilaks. • Kenbe anviwònman an trankil – eseye mizik kalman. • Sèvi ak aktivite detant tankou lapriye oswa meditasyon. • Fè masaj nan men ou oswa pye ka itil. • Respire avèk po bouch pwenti: Rale souf dousman, afon: Respire nan nen epi apre sa, lage souf ou lantman ak dousman atravè po bouch “pwenti” (tankou si ou t ap sifle). Lage souf lan dwe dire pi lontan rale souf lan. • Pran medikaman yo jan yo bay lòd la. Avèti Trustbridge si souf kout ou an pa soulaje oswa li vin pi mal.

Tous oswa Twòp Sekresyon

DEFINISYON	Yon tous se fason kò ou reyaji lè yon bagay irite gòj ou oswa vwa respiratwa yo. Sèvo a di misk nan pwatrin ou ak nan vant ou pou yo pouse lè soti nan poumon o u pou fòse iritan an soti. Tous la ka imid (sa ki lakòz flèm) oswa li ka sèk. Amezi pwosesis maladi a ap avanse, ou ka obsève sekresyon tèminal yo. Sekresyon tèminal yo fò, imid, respirasyon an pa rakle, ki ka fè son tankou konjesyon grav. Son apa sa a se rezilta ogmantasyon feblès jeneral nan misk yo ak enkapasite pou moun lan vale oswa touse avèk ase efikasite pou elimine saliv yo. Kòm yon rezilta saliv akimile nan dèyè gòj la. Son an ka lakòz estrès pou tande l, men anjeneral li pa lakòz moun lan gen doulè oswa malèz. (Gade nan paj 72 nan seksyon "Konjesyon ak Chanjman nan Respirasyon")
KÒZ YO	Touse souvan anjeneral endike prezans yon maladi. Gen anpil kòz pou yon tous kwonik (repete), ki gen ladan: • Alèji oswa gout pòs-nazal. • Refli gastwoezofajyen (GERD). • Feblès nan misk ak enkapasite pou vale avèk efikasite. • Maladi ki afekte poumon yo. • Enfeksyon. Tous kwonik ka ajoute nan malèz yon moun, sa ki lakòz doulè, pèt somèy, ogmantasyon fatig ak/oswa ogmantasyon souf kout.
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	1. Pozisyon an enpòtan. Kenbe tèt la elve: a. Chita sou yon chèz oswa yon fotèy ki ka encline. b. Pandan li kouche nan kabann, elve tèt la sou zòrye oswa monte tèt yon kabann elektrik. 2. Kenbe sal la fre. Sèvi ak èkondisyone olye pou louver fenèt ak pòt yo. 3. Retire nan chanm lan materyèl ki gen anpil pafen tankou bouji pafime, dezodorizan chanm, lwil santi bon, flè ak pafen. Evite lafimen tabak (fimen oswa lafimen moun ki ap fimen). 4. Si pa gen difikilte pou vale oswa pa gen toufe: a. Ankouraje likid (evite pwodui abaz lèt). Likid cho tankou bouyon, te oswa ji sitwon ka kalme gòj la. b. Pran siwo myèl. Yon ti kiyè siwo myèl ka ede lache yon tous. c. Souse sirèt di oswa pastiy. 5. Idrate lè a. Sèvi ak yon vaporizatè oswa pran yon douch vapè. 6. Pran medikaman yo jan yo bay lòd la. 7. Avèti Trustbridge si tous ou an pa soulaje oswa li vin pi mal.

Kèplen oswa Vomisman

DEFINISYON	KÈPLEN se yon sansasyon dezagreyab tankou vag nan vant ki ka gen vomisman annapre l oswa ki ka pa gen. VOMISMAN se devide toudenkou, avèk fòs kontni lestomak la ki ka gen kèplen anvan l oswa ki ka pa genyen.
KÒZ YO	Bagay ki ka deklanche kèplen se: • Odè dezagreyab, gou oswa wè sèten manje. • Medikaman tankou medikaman pou doulè opyoyid yo, antibyotik ak medikaman anti-enflamatwa non-stewoyidyen tankou ibuprofen, Advil, Aleve ak Naprosyn. • Konstipasyon oswa blokaj entesten. • Presyon sou lestomak la apati lòt ògàn ki laji oswa akòz yon timè.
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	1. Pa eseye manje jiskaske sentòm lan disparèt. 2. Eseye bwè: • Gòje dlo oswa ice chips. • Gòje bwason gazez ki vin pa gen gaz. • Likid cho tankou te cho, si yo tolere. • Bwason espòtif (tankou Gatorade). 3. Evite: • Manje nouriti jiskaske ou kapab tolere ti gòje likid. • Ji (zoranj, kranberi, rezen, pòm, elatriye). • Lèt oswa pwodui abaz lèt. • Manje cho (tanperati chanm oswa manje frèt ka tolere pi byen). • Manje pike ak/oswa fri. • Manje ki gen sant fò (pwason, elatriye). 4. Eseye manje: • Manje ki fad (pen griye sèk, diri, pòm detè kwit nan fou). • Manje sale (ti biskwit, bouyon poulè). • Ti repa oswa ti goute souvan. 5. Konstipasyon ka lakòz kèplen ak vomisman – gade nan seksyon konstipasyon an. 6. Asire ou ke anviwònman ou konfòtab. • Evite odè fò tankou pafen ak deyodoran. • Kenbe yon tanperati chanm konfòtab (chanm ki pi fre ka itil). • Sèvi avèk yon vantilatè nan sal la pou ogmante sikilasyon lè. 7. Bay swen bouch souvan. 8. Patisipe nan aktivite relaksasyon. 9. Pran medikaman yo jan yo bay lòd la. 10. Avèti Trustbridge si kèplen/vomisman yo pa soulaje, si yo nouvo oswa yo vin pi grav.

Konstipasyon ak Dyare

DEFINISYON	“Poupou,” “matyè fekal,” “mouvman entesten,” “ale alasèl” ak “nimewo 2” se tèm kouran pou fason kò ou elimine fatra ak toksin nan kò ou. Kantite fwa yon moun ale alasèl varye pou chak moun. Pa gen okenn kantite byen presi ki nòmal. Pifò moun poupou omwen twa fwa oswa plis fwa pa semèn.
KÒZ YO	Konstipasyon ka akòz diminisyon aktivite, diminisyon apeti, manje ak bwè mwens, medikaman, enfeksyon epi pafwa pwosesis maladi. Medikaman pou doulè opyoyid yo souvan lakòz konstipasyon. Dyare ka akòz dlo ki nan trip la ki pa te tounen absòbe nan kò a. Pafwa sa rive lè yon moun konstipe epi poupou a bloke trip la. Nan sitiyasyon sa a likid koule toutotou blokaj poupou a. Enfimye/enfimye ou ka ede evalye si se sa ki kòz la.
SIY AK SENTÒM YO	Konstipasyon • Poupou mwens souvan. • Pi piti, pi di, pi sèk, pi difisil pou pase. • Sansasyon gonfleman, presyon oswa sansasyon plen nan rektòm lan. • Pa poupou pandan plis ke 3 jou. Dyare • Plis pase twa poupou likid nan yon jounen.

Bristol Stool Chart		
Tip 1	Ti bout twalèt di ki separe, tankou grenn nwa (difisil pou soti)	
Tip 2	An fòm sosis men li di epi li gen pil ti grenn	
Tip 3	Tankou yon sosis men li gen anpil fisi sou li	
Tip 4	Li sanble ak yon sosis oswa yon koulèv, li swa epi li mou	
Tip 5	Moso ki mou ki gen arebò yo ki byen klè (men li fasil pou soti)	
Tip 6	Moso ki swa, arebò yo pa regilye, yon watè ki tankou labouy	
Tip 7	Likid nèt, pa gen moso ki solid	

BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	Konstipasyon • Ogmante konsomasyon dlo. • Bwè ji prin oswa ji fwi cho. • Manje legim fre, fwi fre, ble antye ak sereyal bran. • Ogmante aktivite. Si kloure nan kabann, chanje pozisyon souvan epi fè egzèsis aktif oswa pasif (mouvman) janm ak bra yo. • Eseye pat fwi (resèt la anba a) pou estimile poupou yo. Dyare • Manje diri blan, fig, fwomaj cottage, sòs pòm, pòm detè kwit nan fou, sereyal kwit, pasta oswa pen griye blan. • Miskad ki ajoute nan manje yo ralanti mouvman poupou nan trip la. • Evite kafeyin, alkòl, lèt, likid trè cho oswa trè frèt. • Bwè likid klè, bouyon ak bwason reyidratasyon tankou Gatorade.						
SILI APWOPRIYE MEDSEN AN KA PRESKRI	☐ Laksatif pou konstipasyon (ka preskri l chak jou oswa selon bezwen). ☐ Sipozitwa rektal pou ankouraje mouvman entesten (pou konstipasyon). ☐ Lavman pou ankouraje mouvman entesten. ☐ Medikaman kont-dyare.						
RESÈT PAT FWI POU KON-STIPASYON	Engredyan yo: <table><tr><td>1 liv prin</td><td>1 liv fig</td><td>1 tas sik wouj</td></tr><tr><td>1 liv rezen san grenn</td><td>4 ons te senna</td><td>1 tas ji sitwon</td></tr></table> Eksplikasyon 1. Prepare te a: Ajoute 2½ tas dlo bouyi nan 4 ons te. Kite l dòmi pandan 5 minit. Pase te a pou retire fèy te yo. 2. Mezire 2 tas te epi mete yo nan yon gwo po. 3. Ajoute fwi nan te ki nan po a. 4. Bouyi ni fwi ni te a pandan 5 minit. 5. Retire l sou dife. 6. Ajoute sik ak ji sitwon. 7. Kite l refwadi. 8. Sèvi avèk yon pwosesè oswa mikse manje pou blennde melanj fwi an vin fè yon pat. 9. Jele pasta fwi a nan yon veso an plastik. Melanj lan ap konsève san yon peryòd tan fiks nan frizè a. 10. Retire kantite ki nesèsè a avèk kiyè chak jou oswa selon bezwen. Manje pat la konsa, pran l tankou ganiti sou pen oswa lòt manje, oswa ajoute l nan dlo cho pou fè yon bwason. Kantite pat la ka ogmante oswa diminye jiskaske fonksyon entesten satisfèzan an reyalize.	1 liv prin	1 liv fig	1 tas sik wouj	1 liv rezen san grenn	4 ons te senna	1 tas ji sitwon
1 liv prin	1 liv fig	1 tas sik wouj					
1 liv rezen san grenn	4 ons te senna	1 tas ji sitwon					

Blesi Presyon sou Po

Yon pati esansyèl nan swen nou ofri moun pwòch ou an se jesyon entegrite po, fann nan po ak blesi ki deja egziste oswa ki nouvo. Enfimye/enfimyè k ap travay avèk ou ak moun pwòch ou an se ekspè nan itilizasyon pwodui ki disponib pou yo. Yo akeyi ak ankouraje w diskite sou jesyon po ak yo pou ou ka gen konfyans y ap fè tout sa ki pi bon pou moun pwòch ou an toutan.

Maleng (blesi presyon) kay pasyan ospi yo pa nesèsman yon endikasyon echèk swen yo, men leplisouvan yo se sentòm ensifizans plizyè ògàn. Anpil pasyan ospi pral vin gen yon “Ilsè Tèminal Kennedy.” Ilsè sa a anjeneral devlope sou sakwòm lan. Li souvan kòmanse toudenkou, li ka gen fòm pwar, papiyon oswa fè a cheval, avèk yon kontou iregilye epi yon koulè nwa, wouj, violèt oswa jòn.

DEFINISYON	Po a se pi gwo ògàn nan kò a. Blesi ki lokalize nan po a oswa domaj nan po a ak/oswa tisi mou pa anba yo (anjeneral sou yon kote zo a toupre po a) rele yon blesi presyon. Po ki blese a ka entak oswa li ka yon maleng louveri.	
KÒZ YO	Pasyan Ospis yo nan gwo risk pou blesi presyon pou rezon ki annapre la yo: - Maladi yo: Tankou dyabèt, maladi vaskilè periferik ak kansè. - Nitrisyon ak idratasyon ki konpwomèt: Po a vin deplizanpli frajil lè nitrisyon ak idratasyon yo gen pwoblèm. - Sikilasyon redui: Akòz maladi laj, ak arè. - Laj: Pwodui po deplizanpli frajil ak yon repons gerizon redui. - Tansyon mekanik sou po a: Presyon, friksyon ak sizayman akòz pozisyon chita, kouche oswa mouvman pwolonje kont dra nan kabann lan ka lakòz dekonpozisyon po. - Chanjman tanperati blese: Chanjman pansman souvan konpwomèt efikasite jesyon blesi yo. Blesi yo pran 5 èdtan pou retounen nan yon tanperati ideyal pou gerizon apre yon chanjman pansman. - Sechrès oswa imidite po: Li enpòtan pou idrate po sèch pou anpeche dekonpozisyon epi kenbe zòn mouye yo sèk. Pa egzanp: kite moun lan rete nan slip enkontinans mouye pandan yon peryòd tan long ka mennen nan dekonpozisyon po. - Medikaman yo: Kèk medikaman tankou antikowagilan ak medikaman chimyoterapi yo ka ralanti gerizon.	
SIY AK SENTÒM YO	- Woujè oswa chanjman koulè nan po entak. - Zanpoud.	- Abrazyon nan po. “Maleng” louveri.
BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	Kat Objektif yo nan Swen Po: - Pirifye - Sèvi ak pwodui pH-balanse tankou Cetaphil (mande enfimye/enfimyè ou an) - Evite savon ki pral kraze baryè asid natirèl po a ki pwoteje kont sechrès, iritasyon ak dekonpozisyon. - Idrate - Amezi po a ap vyeyi epi amezi kò a ap kanpe nan fen lavi, po a ka vin sèk. - Si ou ankouraje konfò avèk itilizasyon pwodui idratant, sa pral kontrekare efè dezidratasyon sistèmik epi redui dechiri nan po. - Evite masaj wòdpòte sou po sèch ak frajil.	

BAGAY OU KA FÈ KOUNYE A POU MOUN LAN	• Pwoteje • Enkontinans, transpirasyon ak ekoulman nan blesi, yo ka tout mennen nan dekonpozisyon po. • Dekonpozisyon chimik se akòz pou pou, pipi ak ekoulman nan blesi. • Sèvi ak krèm oswa pomad pwoteksyon. • Diminye presyon – anpeche friksyon. • Chanje pozisyon souvan (omwen chak 2 èdtan). • Evite friksyon ak sizayman lè w ap bouje yon moun ki pa kapab bouje limenm (mande enfimye/enfimyè ou an kijan). • Nouri ak geri • Objektif la nan gerizon yon blesi presyon se pou blesi a geri sot anba rive anwo. • Nan Trustbridge nou itilize pwodui swen pi resan, ki pwouve klinikman pou trete ak pou geri blesi lè sa posib. Pansman modèn blesi yo fèt pou ankouraje pwosesis natirèl kò a pou favorize kondisyon ideyal yo pou gerizon. • PA chanje pansman yo pi souvan pase sa yo preskri. Majorite pansman yo itilize nan Trustbridge yo fèt pou chanje omwen chak 5 a 7 jou. Tan ki pi long ant chanjman pansman yo gen avantaj anplis dèske yo pèmèt pi gwo konfò moun pwòch ou an paske li pral bezwen mwens chanjman pansman, ki ka rann li enkonfòtab. • Chanjman pansman chak jou yo fè jesyon efikas blesi yo pi difisil. • Nan sikonstans ki ra enfimye/enfimyè a ak/oswa doktè a ka bay lòd pou chanjman pi regilye oswa pou chanje pansman anlè a si 75% nan pansman an sal. Avèti Trustbridge pou nouvo dekonpozisyon po oswa dekonpozisyon k ap vin pi grav.
SILI APWOPRIYE MEDSEN AN KA PRESKRI	☐ Pansman blesio byen presi ak lòd bye presi pou chanjman pansman.



Itilizasyon Antikowagilan – “Medikaman pou Delye San”

Definisyon

Yon antikowagilan se yon medikaman yo itilize pou ralanti oswa pou anpeche kapasite kò a pou fòme kayo san. Objektif la se pou diminye risk pou fòmasyon kayo san kay pasyan ki gen yon gwo risk pou kriz kadyak, estwok oswa kayo san nan janm oswa nan poumon.

Objektif Swen yo

- Pifò pasyan k ap pran medikaman pou diminye risk pou kowagilasyon san, yo te preskri yo medikaman sa yo anvan yo te admèt yo nan swen ospis.
- Menm jan ak tout medikaman, plan swen chak moun se yon plan byen presi pou bezwen li.
- Ekip ospis ou an ap egzamine plan swen ou an regilyèman. Plan swen ou an gen medikaman ladan. Gen avantaj ak enkonvenyan anrapò ak chak medikaman. Avantaj ak enkonvenyan sa yo chanje amezi pwosesis maladi a ap chanje. Ekip ou an pral siveye epi diskite sou avantaj ak enkonvenyan terapi anti-kowagilan prezante pou ou amezi bezwen ou yo ap chanje.

Efè Segondè

Li enpòtan pou siveye siy senyen ki ka genyen epi rapòte sa yo bay enfimye/enfimyè ou si ou santi nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Vyann mètri etranj oswa vyann mètri fasil.
- Pipi woz oswa mawon.
- Senyen pwolonje nan jansiv. (Asire ke ou itilize yon bwòs dan mou epi pa sèvi ak kidan.)
- Nen senyen twòp oswa senyen apre yon ti koupe ki pa sispann nan lespas kèk minit. (Fè atansyon lè w ap itilize objè file tankou razwa, kouto ak sizo.)
- Touse oswa vomi san, oswa vomisman ki sanble ak ma kafe.
- Poupou sanglan oswa nwa ki tankou goudwon.
- Ogmantasyon oswa senyen anòmal nan vajen.
- Vètij oswa santi w ap pèdi konnesans.
- Doule etranj, sere, malèz oswa doule fò nan pwatrin.
- Doule etranj nan jwenti.
- Lafyè.
- Lestomak deranje ki pa janm pase.
- Maltèt.
- Ou dwe rapòte bay enfimye/enfimyè ou yon so oswa yon frappe nan tèt oumenm si ou santi ou anfòm.

Efè segondè kouran antikowagilan enjektab yo (anplis de sa yo ki anwo a). **Kontakte Trustbridge oswa enfòm enfimye/enfimyè ou si ou idantifye nenpòt nan sa ki annapre la yo:**

- Doule, woujè, anflamasyon, brile, chalè, chanjman koulè, swente oswa nenpòt siy reyaksyon oswa enfeksyon nan anplasman piki a.

Siy Reyaksyon Alèjik yo

Si ou gen nenpòt nan sa ki annapre la yo, kontakte Trustbridge touswit:

- Difikilte pou respire oswa pou vale.
- Itikè, gratezon oswa gratèl leve sou po.
- Anflamasyon nan figi, gòj, lang, po bouch, zye, bra, men, pye, cheviy oswa pati anba janm.

Siy Fòmasyon Kayo

Si ou gen nenpòt nan sa ki annapre la yo, rapòte yo bay enfimye/enfimyè ou imedyatman:

- Chalè, anflamasyon oswa sansibilite nan nenpòt bra oswa janm ou.
- Yon chanjman nan vizyon, zye oswa po ki vin jòn.
- Tous, lafyèv, doulè nan pwatrin grav oswa feblès sou yon bò nan kò a.
- Ti tach nan po koulè wouj-vyolè (bra, janm, zòtèy, vant).
- Souf kout.
- Vètij, konfizyon.

Entèraksyon ant Manje ak Medikaman

- Sèten medikaman preskripsyon, medikaman san preskripsyon ak vitamin/sipleman abaz plant ka gen entèraksyon avèk antikowagilan nan bouch yo epi afekte fason yo aji.
- Bay enfimye/enfimyè ou yon lis konplè **TOUT** medikaman ou yo, sa gen ladan si ou prevwa pou kanpe, chanje oswa ajoute nenpòt nouvo medikaman.
- **Sa ki annapre la yo ka ogmante risk pou ou senyen si ou pran yo pandan w ap itilize medikaman antikowagilan.** Si doktè ou **PA** te preskri ou medikaman sa yo, tanpri kontakte enfimye/enfimyè ou anvan ou itilize yo.
 - Aspirin.
 - Ibuprofen (Motrin, Advil), oswa naproxen (Aleve).
 - Plavix (clopidogrel).
 - Konsomasyon alkòl.

Enfòmasyon Enpòtan Byen Presi pou Medikaman

Antikowagilan Oral yo

Yo pran medikaman sa yo nan bouch pou ede anpeche san ou kowagile. Sa yo gen ladan **Pradaxa® (dabigatran)**, **Xarelto® (rivaroxaban)**, **Eliquis® (apixaban)** ak **Savaysa® (edoxaban)**.

Kòman pou m pran medikaman sa a?

- Pran medikaman ou egzakteman jan doktè ou preskri li a menm lè a chak jou.
- PA sote yon dòz.
- Si ou rate yon dòz, PA pran yon dòz doub. Kontakte enfimye/enfimyè ou pou jwenn machaswiv sou fason pou kontinye.
- Si ou sèvi ak yon kalandriye, sa ka ede ou sonje pou ou pran medikaman ou.
- Pa sispann medikaman ou sòf si doktè ou mande sa, paske sa ka lakòz yon kayo san alavni.

Pradaxa® (dabigatran):

- **PA** kraze, pa moulè ni louvri kapsil yo. Vale kapsil yo antye ak yon gwo vè dlo.
- Konsève Pradaxa nan veso li vini ladan an pou pwoteje l kont imidite.

Xarelto® (rivaroxaban):

- Pran avèk manje.
- Ou ka kraze l epi ajoute l nan dlo pou fè yon sispannyon oswa kraze l epi pran l ak sòs pòm.
- Evite chadèk ak ji chadèk.

Eliquis® (apixaban):

- Pran avèk oswa san manje.
- Ou ka kraze l'epi ajoute l nan dlo pou fè yon sispanasyon.
- Evite chadèk ak ji chadèk.

Savaysa® (edoxaban):

- Pran avèk oswa san manje.

Èske mwen dwe fè tès laboratwa/siveyans pandan m ap pran medikaman sa a?

Sa pa obligatwa anjeneral, men selon antikowagilan nan bouch byen presi w ap pran an doktè ou ka bay lòd pou yon tès laboratwa ki mezire kijan antikowagilan an ap aji, oswa bay lòd pou yon egzamen fizik evalye efè segondè tretman an.

Si nenpòt nan sa ki annapre la yo konsène ou, asire ou enfòm enfimye/enfimyè ou:

- Te gen yon pwoblèm senyen pase oswa kounye a.
- Te deja gen ranplasman yon valv kè.

Coumadin®, Jantoven® (warfarin)

Yon lòt medikaman yo pran nan bouch pou ede anpeche san ou kaye se warfarin; Non Komèsyal li se Coumadin ak Jantoven.

Kòman pou m pran medikaman sa a?

- Pran medikaman ou egzakteman jan doktè ou preskri li a menm lè a chak jou.
- PA sote yon dòz.
- Si ou rate yon dòz, PA pran yon dòz doub. Kontakte enfimye/enfimyè ou pou jwenn machaswiv sou fason pou kontinye.
- Si ou sèvi ak yon kalandriye, sa ka ede ou sonje pou ou pran medikaman ou.
- Pa sispann medikaman ou sòf si doktè ou mande sa, paske sa ka lakòz yon kayo san alavni.

Èske mwen dwe fè tès laboratwa/siveyans pandan m ap pran medikaman sa a?

- Doktè ou ka bay lòd pou yon tès san pou verifye kijan warfarin lan ap mache.

Entèraksyon Warfarin-manje:

- Manje ki gen anpil vitamin K ka afekte fason warfarin lan aji. Si kèk nan manje sa yo fè pati rejim alimantè ou regilyèman, pa gen okenn nesesite pou diminye oswa elimine yo. Manje sa ou manje nòmalman epi pa fè gwo chanjman nan rejim alimantè ou san ou pa rele doktè ou. Manje ki afekte nivo warfarin yo gen ladan:
 - Legim vèt tankou bwokoli, chou, chou Briksèl, zonyon vèt ak legim fèy vèt tankou leti, zepina, navèt/chou vèt/fèy moutad, pèsi ak chou frize.
 - Fwa (vyann bèf ak vyann kochon).
 - Lwil tankou mayonèz, magarin ak anpil lwil pou kwit manje.

Antikowagilan Enjektab

Enoxaparin (Lovenox), dalteparin (Fragmin), fondaparinux (Arixtra) ak heparin se kalite medikaman enjektab yo itilize pou anpeche kayo san.

Èske mwen dwe fè tès laboratwa/siveyans pandan m ap pran medikaman sa a?

Selon medikaman w ap pran an, doktè a ka bay lòd pou yon tès san oswa fè yon egzamen fizik pou verifye kijan medikaman an ap mache.

Si nenpòt nan sa ki annapre la yo konsène ou, enfòm enfimye/enfimyè ou imedyatman pou verifye itilizasyon medikaman sa a:

- Pwoblèm senyen pase oswa kounye a.
- Ranplasman valv kè (mekanik oswa pwostetik), maladi kè, oswa tansyon wo.
- Pwoblèm nan ren oswa fwa.
- Alèji ak pwodui mayi oswa vyann kochon (**PA bay Heparin**).

Kisa m dwe fè si m rate yon dòz?

Kontakte enfimye/enfimyè ou pou jwenn machaswiv sou fason pou kontinye medikaman ou.

Pa janm bay yon dòz doub.

Kòman pou m konsève antikowagilan enjektab yo?

- Konsève yo nan 77 degre (tanperati chanm) epi lwen chalè ak limyè dirèk.
- PA mete nan frijidè ni pa jele sereng yo. Pa kite yo kote timoun ak bèt kay ka jwenn yo.



Fòmasyon sou Swen Ospis: Fòmasyon sou Sekirite

Sekirite ak Preparasyon pou Katastwòf

Nan ka yon katastwòf natirèl oswa ke lèzòm kreye, ekip Trustbridge ou an ap la pou ede epi reponn ak bezwen ou yo. Nou ankouraje pou tout pasyan ak fanmi yo gen yon plan dijans. Paske siklòn yo se katastwòf natirèl ki gen plis chans rive, nou ankouraje tout pasyan nou yo/fanmi nou yo pou yo kenbe preparasyon yo pandan tout ane a. Anpil nan preparasyon davans pou siklòn yo ka ede oumenm ak fanmi ou pou prepare sizoka gen lòt ijans.

Plan yo ta dwe gen ladan:

- Plan pou depalsman.
- Lòt opsyon pou rezidans.
- Atik pou ijans ak manje.
- Founiti medikal ak medikaman.
- Sistèm pou enfòmasyon fanmi ak zanmi sou kote ou ye pandan yon evakyasyon.

Langaj Siklòn

- **Sezon Siklòn:** Kòmanse ofisyèlman 1 jen epi li fini 30 novanm chak ane.
- **Siveyans pou Siklòn:** Yon siklòn ka frape zòn ou an nan 48 èdtan. Preparasyon ou yo dwe sou pye.
- **Avètisman pou Siklòn:** Yo **prevwa** yon siklòn ap frape zòn ou an nan lespas 36 èdtan. Preparasyon ou yo dwe akselere pou yo fin fèt.

Detèmine Nesesite Pou Evakye

Èske ou oblije evakye? Konte Palm Beach ak Broward bay kat jewografik pou evakyasyon yo chak ane. Moun ki abite nan yon zòn evakyasyon deziyen oswa nan yon kay mobil, dwe evakye.

Konfime Plan Ou pou “Pran Abri”

Se pou Ou Gen yon Plan: Gen yon plan pou “pran abri” pandan yon tanpèt. (Kikote ou prale?)

- **Plan A: Rete Lakay ou** si ou pa abite nan yon zòn evakyasyon oswa nan yon kay mobil epi pran prekosyon.
- **Plan B: Rete avèk Fanmi Oswa Zanmi Nan Zòn lan.** Si ou planifye pou rete avèk fanmi oswa zanmi pandan yon siklòn, pran prekosyon ki annapre la yo:
 - Rele yo davans pou asire yo pral pare pou ou.
 - Fè yon plan bakòp sizoka yo pa nan vil la.
 - Bay enfimye/enfimyè/ekip ospis ou an adrès evakyasyon ou an.
- **Plan C: Ale nan yon Abri pou Bezwen Espesyal.** Abri pou Bezwen Espesyal yo disponib nan toude konte Palm Beach ak Broward pou rezidan ki ranpli kritè medikal byen presi epi ki pa apwopriye pou Abri Popilasyon Jeneral yo. Abri sa yo ofri èd ak siveyans medikal DEBAZ. Moun apwopriye yo se moun ki:
 - Gen **pwoblèm sante/medikal minè** ki nesesite obsèvasyon, evalyasyon ak antretyen pwofesyonèl.
 - Nesesite èd ak swen pèsònèl ak/oswa èd pou medikaman, men ki pa bezwen entèn lopital oswa nan yon enstitisyon medikal.



Broward



Palm Beach

- Bezwen èd pou bay medikaman ak/oswa siveyans siy vital epi yo pa kapab fè sa san èd pwofesyonèl.
- **Anrejistreman alavans** pou Pwogram Bezwen Espesyal la disponib pandan tout ane a epi yo ankouraje li atoutfòs pou asire ke abri a ap byen prepare pou reponn ak bezwen ou yo.
- Pou Abri ak enfòmasyon Konte Broward, tanpri vizite <https://www.broward.org/hurricane/Pages/Default.aspx> **oswa eskane kòd ki agoch la.**
- Pou Abri ak enfòmasyon Konte Palm Beach, tanpri vizite <https://discover.pbcgov.org/publicsafety/dem/pages/hurricane.aspx> **oswa eskane kòd ki agoch la.**

Rasanble Founiti pou Katastwòf

Kit w ap rete nan kay ou, ou pral rete avèk zanmi ouwa fanmi, ouwa ou planifye pou ale nan yon abri, ou pral gen pou ou rasanble founiti davans. Pa rete tann jiskaske yon tanpèt ap apwoche pou ou prepare.

Siveyans pou Siklòn

Ekip ospis ou an ap konfime plan ou yo epi kòmande nenpòt medikaman ak founiti pasyan ki nesèsè. Li enpòtan pou sonje sa pral yon tan chaje pou tout moun ki konsène yo. PA rete tann jouk dènye minit pou ou prepare w.

Si w ap evakye, asire w ospis la gen non ak adrès kote w ap evakye a. Si w ap evakye ouwa w ap rete nan kay ou, ou dwe rasanble epi verifike tout founiti ou yo pou asire ou gen tout bagay ou bezwen.

- **Tout medikaman** ak lis medikaman ou yo.
- Si sa aplikab, Òdonans pou Pa Reyanime ou.
- Founiti pou pansman, slip pou enkontinans, pad pou enkontinans ak lòt atik ijyèn ki nesèsè yo.
- Si ou nan oksijèn, pote konsantratè oksijèn ou AK tank oksijèn pòtab ou.
- Manje ki p ap gate, bezwen alimantè espesyal ak dlo pou bwè.
- Yon pwovizyon apwopriye atik pou kabann, zòrye, ak dra.
- Jwenn Lajan kach.
- Plen machin ou ak gaz.
- Chaje telefòn selilè ou epi asire ou gen batri pou telefòn san fil yo.
- Planifye pou bèt kay ou.

Sitiyasyon Espesyal yo

Pasyan Ospis K Ap Resevwa Swen Pou Kriz

- Sèvis swen pou kriz yo ap sispann pandan faz Avètisman pou Siklòn lan pou preparasyon pou yon tanpèt. Pasyan sa yo ki bezwen sèvis kontini swen pou kriz ap transfere nan yon inite pasyan entènè ospis.

Pasyan Ospis ki nan yon Mezon Retrèt

- Pasyan Ospis k ap viv nan yon mezon retrèt ap rete nan etablisman an pandan yon tanpèt ouwa lòt katastwòf natirèl, sòf si plan jesyon dijans etablisman an egzije evakyasyon.

- Si evakyasyon an nesesè, ekip ospis ou an ap travay avèk estaf etablisman ou an pou ede transfè a epi asire ke tout medikaman, ekipman ak founiti esansyèl yo disponib pou pran swen ou. Ekip ospis ou an ap disponib pou ou ni anvan ni apre evènman an.

Pasyan Ospis ki Deja nan yon Sant Swen

- Pasyan ki te admèt nan yon inite pasyan entènè ospis nan yon lopital ap rete an plas pandan yon tanpèt oswa lòt katastwòf natirèl, sòf si plan jesyon dijans lopital la egzije evakyasyon. Nan sitiyasyon sa pasyan yo pral transfere nan yon lòt inite pasyan entènè ospis.

Avètisman pou Siklòn

Si w ap evakye: kounye a se moman pou ou prepare pou ou deplase! Koute radyo/televizyon pou jwenn enfòmasyon sou abri ki louvri yo. Li ijan pou ou pa “ranvwaye” evakyasyon an pou jouk nan dènye minit. Veyikil konte yo ki pral evakye pasyan ki pa gen okenn mwayen transpò oswa ki pa kapab transpòte nan machin pral trè okipe epi yo dwe planifye pou vin chèche moun pou sèvi ak tan yo pi byen. Nimewo ijans 911 pa pral reponn apre van an rive nan 40 milalè. Tanpri evakye lè yo enfòme ou. Petèt pa pral gen yon dezyèm chans pou ou deplase.

- Anvan ou ale nan yon abri, fèmen elektrisite nan bwat fyouz yo, etenn apwovizyonman gaz pou evite posiblite dife, epi fèmen liy dlo a.

Si w ap rete nan kay ou, pou fin fè preparasyon ou, mete kay ou an sekirite epi jwenn dènye pwovizyon yo.

- Mete kabann elektrik ou nan yon pozisyon konfòtab. Si gen yon pàn kouran manivèl alamen an pral sèl fason w ap kapab chanje pozisyon kabann lan.
- Si w ap itilize oksijèn, sèvi ak konsantratè oksijèn lan tank gen kouran. Sèvi ak oksijèn pòtab ou avèk moderasyon, paske pa gen okenn tank anplis yo ka livre pandan tanpèt la.

Pandan Tanpèt la

- Estaf Ospis lan **pa ap kapab fè vizit on fwa van soutni yo rive nan 39 milalè** jiskaske tanpèt la fin pase.
- **Admisyon nan yon Sant Swen Ospis:** Pandan peryòd dijans yo, Siveyans Siklòn ak Avètisman pou Siklòn, Trustbridge ap kontinye evalye moun yo. Admisyon nan yon sant swen ospis baze sou kritè Kondisyon Patisipasyon Ospis Medicare mete an plas. Pasyan yo **pa pral admèt nan yon Sant Swen Ospis** pandan yon Avètisman pou Siklòn **on fwa van yo atenn 39 milalè.**
- **Ospis ap kontinye ap disponib nan telefòn sòf si komunikasyon telefòn yo koupe.**

Apre Siklòn lan Pase

- Ekip ospis ou an ap kontakte ou byen vit otank posib on fwa tanpèt la fin pase epi komunikasyon yo retabli.
- Pasyan ki te evakye yo pa ka retounen lakay yo jiskaske gen verifikasyon ki endike:
 - Kay la an sekirite epi pa gen okenn domaj enpòtan.
 - Elektrisite te retabli nan kay la.
 - Gen yon moun lakay ou pou resevwa pasyan an.
- Pote atansyon sou machaswiv ofisyèl piblik yo ak medya yo, paske y ap aji nan pi bon enterè ou.

Sekirite nan Kay

- Enfòm lapolis lokal la ak depatman ponpye yon moun ki kloure nan kay oswa yon moun ki depann de chèz woulant abite nan kay la.
- Enfòm konpayi elekrisite w ke gen yon pasyan ki malad gravman ki kloure nan kay ki abite nan kay la. Mande pou yo mete ou sou lis premye repons sizoka gen pàn kouran.
- Kenbe yon telefòn toupre toutan, si sa posib.

Sekirite pou Dife

- Asire ou gen yon detektè lafimen ki fonksyone. Chanje pil yo de fwa pa ane lè w ap chanje lè ou.
- Envesti nan yon ekstenktè dife pou kuizin ou. Asire ou ke li fonksyone epi li pa ekspire.
- Epi tou kenbe yon **gwo bwat bikabonat soud** nan kuizin ou.
- Planifye omwen de sòti nan chak chanm nan kay ou epi deside kikote manm fanmi yo pral rankontre on fwa yo kite kay la.
- Pa janm fimen nan kabann oswa lè ou anvi dòmi epi pa janm kite materyèl pou fimen yo san siveyans.

Sekirite Elektrik

- Deploge nenpòt aparèy ki kòmanse gen sant dwòl oswa k ap pwodui lafimen.
- Pa janm twò chaje plòg elektrik oswa ralonj yo.
- Pa sèvi ak okenn fil ki defripe oswa kase.
- Kenbe tout ralonj lwen zòn ki gen anpil trafik.
- Jete aparèy elektrik ki andomaje yo. **PA** itilize yo. Kenbe aparèy chofaj espas yo san pousyè epi omwen twa pye lwen moun, papye, oswa nenpòt bagay ki ka boule.

Sekirite Oksijèn

- Menm jan ak nenpòt medikaman, oksijèn pa apwopriye pou tout moun.
- Si doktè ou te preskri pou oksijèn pou ou, gen yon òdonans byen presi pou kantite oksijèn (kantite lit) ou dwe resevwa.
- Sèvi ak kantite doktè ou te preskri a. Oksijèn ki twòp oswa twò piti gendwa danjere.
PA chanje kantite oksijèn w ap itilize a san ou pa rele ospis la anvan.
- Oksijèn la limenm pa boule. Oksijèn lan ka nourri yon etensèl epi lakòz li vin yon gwo dife nan kèk segonn. Pou ou kapab an sekirite, swiv direktiv sa yo:
 - Pa janm fimen ni kite pèsonn fimen nan chanm kote y ap itilize oksijèn oswa tank oksijèn.
 - Si oksijèn lan ap itilize, poste siy pou avèti lòt moun pou yo pa fimen.
 - Si yap itilize oksijèn, PA sèvi ak pwodui abaz petwòl yo. Li etikèt la!
 - Evite flanm louveri. PA itilize oksijèn nan yon distans 10 pye ak flanm dife louveri tankou: recho gaz.
 - Evite elekrisite estatik. Rad nayilonn oswa lenn gen plis chans pou lakòz elekrisite estatik.
 - Sere ak jere oksijèn kòrèkteman.

- Pa konsève tank yo nan klozèt oswa nan espas ki konfine.
 - Fikse tank yo nan yon estann pou anpeche domaj nan tank lan si ta tonbe pa aksidan.
 - Pa mete anyen sou tèt konsantratè ou an; konsantratè a dwe nan yon zòn ki bon sikilasyon lè.
- Asire ou ke konsantratè oksijèn lan ak lòt ekipman medikal yo gen fil de tè nan plòg elektrik apwopriye yo.
- Itilize avèk ekipman medikal sèlman ralonj ki pwoteje kont ogmantasyon tansyon elektrik.
- Prekosyon pou oksijèn nan kwit manje:
 - Fikse kanil la sou zòrèy yo ak dèyè tèt la, olye pou li anba manton an.
 - Fikse tib la sou kote rad ou avèk yon gwo epeng sekirite oswa yon pens pou rad.
 - Evite kwit manje sou recho gaz.

Prevansyon Tonbe

- Fil elektrik yo se yon danje pou bite. Redirije fil yo pou yo pa travèse chemen kote pou ou mache. Si sa nesesè, tep fil yo sou miray la.
- Retire ti kapèt dekorasyon yo.
- Asire ou ke chemen an lib. Fè deplase mèb pou chemen ou lib epi ou pa oblije mache toutotou mèb yo.
- Retire ankonbreman (jwèt, jwèt chen, elatriye).
- Si tapi oswa planche a defripe, woule, oswa inegal, fikse l avèk tep oswa kloure l. Li enpòtan pou gen yon sifas ki plat.

Konsèy pou Anbilans

- Toujou leve tou dousman sot nan pozisyon kouche/chita. Chita pandan kèk minit anvan ou kanpe. Chita si ou santi ou gen tèt vire.
- Pran tan ou.
- Mete soulye oswa pantouf ki bay sipò avèk semèl ki pa glise (an kawotchou).
- Si ou jwenn tèt ou ap pran sipò sou miray oswa nan ankadreman pòt, mande enfimye/enfimyè ou yon aparèy pou èd.
- Sonje pou itilize aparèy èd fonksyonèl yo (wòkè, baton, chèz woulant oswa lòt aparèy) si yo preskri yo.
- Esey atenn sèlman bagay ki nan yon longè bra ki sou kote ou oswa devan ou.
- Sèvi ak “yon pens/grabè” pou rive jwenn objè ki anlè tèt ou. Pa monte sou nechèl oswa tabourè.
- Pote ti chay.

Ekleraj

- Asire kay ou byen klere epi li bay ekleraj jeneral ki egal.
- Itilize limyè lannwit.
- Kenbe flach ak pil sou la men.
- Kenbe eskalye ak koulwa yo limen.
- Ranplase anpoul limyè ki boule yo.

Konsèy pou Transfè

- Sèvi ak ti pa pou apwoche sifas pou chita (kabann/chèz/komòd/twalèt).
- Atenn pa dèyè syèj chèz oswa apui-bra yo ak toude men. Pa chita sòf si ou lokalize sifas la avèk men epi ou santi l pa dèyè janm ou yo, apre sa, desann kò ou dousman.
- Lè w ap leve, pa sèvi ak wòkè oswa baton ou pou rale monte. Pouse kò ou monte nan chèz la avèk men, kanpe, apre sa, mete men ou sou wòkè oswa baton an.

Prekosyon Sekirite pou Itilizasyon Chèz woulant

- Toujou sonje bloke fren yo anvan ou eseye antre oswa soti sou chèz woulant lan.
- Deplase apui pou janm yo sot nan wout ou lè w ap transfere antre/soti nan chèz woulant.
- Sèvi ak aparèy “yon grabè” pou ranmase tout sa ki sou planche a pandan ou nan chèz woulant lan. Si ou panche devan pou ranmase bagay pandan ou nan chèz woulant, sa ka lakòz li baskile sou ou.

Twalèt

- Sèvi ak yon chèz twalèt oswa komod monte pou fasilite ou monte ak desann sou twalèt.
- Sèvi ak tèt douch alamen, chèz nan douch ak ranp.
- Mete aparèy chofaj dlo a nan 120 degre oswa mwens pou evite ou boule.
- Sèvi ak bann adezif ki pa glisan nan basen an ak tapi oswa kapèt ki pa glise.
- Asire gen ekleraj apwopriye nan lannwit.

Sekirite Medikaman

Bagay Ou Dwe FÈ:

Estokaj

- Kenbe tout medikaman ou yo ansanm nan yon sèl kote.
- Sere chak medikaman nan pwòp veso l ki make aklè.
- Sere medikaman yo nan tanperati chanm sòf si yo ba ou direktiv pou mete yo nan frijidè.
- Pa kite yo kote timoun ak bèt kay ka jwenn yo.
- Pa ekpoze yo nan limyè solèy dirèk.

Destriksyon

- Detwi nenpòt medikaman doktè ou sispann.
- Detwi tout medikaman ki ekspire.
- Repase seksyon sou Eliminasyon Medikaman San Danje a (paj 63).

Lis/Dosye Medikaman

- Enfòm enfimye/enfimyè ospis la pou chak medikaman, vitamin, krèm, losyon, pomad, gout pou zye oswa medikaman san preskripsyon ou pran.
- Pran sèlman medikaman yo preskri pou **OU** epi pran yo sèlman jan yo preskri yo a.
- Kenbe yon lis medikaman ou ka fè alèji oswa sansiblite ak yo. Panse achte yon braslè oswa kolye alèt medikal.
- **Kenbe yon dosye sou tout medikaman ou pran chak jou.**

Bagay pou Konnen

- Konnen efè segondè medikaman yo epi rele enfimye/enfimyè ospis la oswa doktè ou touswit si ou remake nenpòt efè segondè oswa nouvo sentòm.
- Souke medikaman likid yo pandan omwen yon minit konplè si yo di w fè sa.
- Retire anvlòp papyè aliminyòm lan nan tout sipozitwa anvan ou itilize yo.

Nouvo Preskripsyon/Renovèlman Medikaman

- Tcheke avèk Trustbridge anvan ou egzekite nenpòt nouvo preskripsyon ou resevwa nan men yon doktè. Li enpòtan pou konnen si medikaman an kouvri nan avantaj ospis la.
- Fè renouvle preskripsyon ou **ANVAN** medikaman an fini nèt. Enfòm enfimye/enfimyè ospis la si ou manke medikaman.

Kontakte Trustbridge si ou gen nenpòt kesyon sou medikaman ou yo

Bagay Ou PA Dwe Fè:

Estokaj

- Konsève medikaman ou yo nan twalèt la (espesyalman nan kabinè a). Gwo imidite ka lakòz pwoblèm estabilite medikaman, espesyalman kapsil yo.
- Kenbe tout pwodui pou mete sou deyò kò oswa pwazon estoke toupre medikaman yo.
- Kite grenn oswa medikaman likid ouvè epi san kontwòl sou kontwa a.

Pran Medikaman Ou yo

- Pran medikaman ou nan fè nwa.
- Chofe medikaman nan dlo cho oswa nan maykwowev.
- Pete grenn oswa kraze yo san konsilte enfimye/enfimyè ospis la.
- Pran yon “**dòz anplis**” nan nenpòt medikaman si ou bliye yon dòz.
- Chanje kantite medikaman w ap pran san ou pa enfòm enfimye/enfimyè ospis la.
- Sispann pran medikaman ou san ou pa enfòm enfimye/enfimyè ospis la.



**Yon enfimye/enfimyè ospis disponib nan telefòn 24 èdtan pa jou.
Annik rele nan 1-888-441-4040.**

Eliminasyon Medikaman San Danje

Medikaman yo ka danjere si yon lòt moun pran yo epi moun sa se pa moun yo te preskri medikaman an, epi yo ka danjere pou anviwònman an si yo pa elimine an sekirite.

Lwa Federal DEA ak Lwa Florid ankouraje pou pasyan an, responsab swen pasyan an oswa fanmi an fè eliminasyon medikaman yo, epi li limite dwa legal pwofesyonèl medikal yo pou detwi sibstans ki sou kontwòl yo. Yon doktè, enfimye/enfimyè, oswa travayè sosyal ospi ka **sèlman ede** fanmi an/responsab swen pou destriksyon medikaman kontwole **nan moman lanmò yon pasyan**, si pasyan an t ap viv lakay li, ak **si** fanmi an/responsab swen an mande èd. Anplwaye Trustbridge yo **pa janm otorize legalman pou yo pran posesyon medikaman ou yo oswa elimine medikaman ou yo nan okenn lòt sikonstans. Si ou abite nan yon etablisman swen enfimye kalifye oswa enstitisyon ki bay swen sante pwolonje pou rezidan li yo, etablisman an pral elimine medikaman yo pou ou.**

Pandan dewoulman swen ou yo, ka gen chanjman nan eta ou ki mande pou yo sispann medikaman yo. Li toujou pi bon pou detwi medikaman yo lè ou pa bezwen yo ankò. Trustbridge gen enkyetid konsènan sekirite ou epi li vle ou santi ou alèz ak gen konfyans pou destriksyon apwopriye medikaman yo.

Pwoteksyon

1. **Pa** bay okenn lòt moun medikaman yo. Se moun yo te preskri medikaman yo ki dwe itilize yo SÈLMAN.
2. **Pa** flòch medikaman yo nan twalèt.
3. **Pa** vide medikaman yo nan egou.
4. Si ou flòch medikaman yo nan twalèt oswa nan egou, sa kapab kontamine apwovizyonman dlo nou an.
5. **Pa** mete medikaman nan fatra san elimine yo kòrèkteman jan li eksplike anba a.

Swiv Etap Sa Yo pou Eliminasyon An Sekirite

1. **Konsève medikaman an nan veso li vini ladan an.** Sa ap ede idantifye sa ki ladan si yon moun vale medikaman an pa aksidan.
2. **Efase non ou ak nimewo preskripsyon ou sou li.** Sa pral anpeche yon moun jwenn enfòmasyon pèsònèl.
3. **Rasanble materyèl absòban jetab** tankou yon pwotèj matla jetab, daypè jetab granmoun oswa timoun, sèvyèt an papyè, ak yon sache plastik.
4. **Rann medikaman an pa kapab itilize.** **Gade tablo ki nan paj annapre a pou jwenn espplikasyon.*
5. **Pliye epi mete materyèl absorban jetab ki gen likid nan yon sachè plastik.**
6. Mete tout boutèy medikaman yo nan yon sak an papyè òdinè oswa yon sachè plastik. Apre sa, mete sachè plastik la andedan yon lòt pou anpeche l koule.
7. Jete tout sachè yo nan fatra regilye a. Pa mete anyen nan poubèl resiklaj ou.

**Si w ap elimine medikaman yo pèsònèlman, tanpri swiv rekòmandasyon yo ki nan paj sa a pou rann yo pa kapab itilize yo.*

Swiv etap sa yo pou fè medikaman yo pa kapab itilize anvan ou elimine yo oumenm

	Pilil yo Konprime yo Kapsil yo	Ajoute dlo oswa soda nan boutèy (veso) pilil la. Rete tann jiskaske pilil yo fonn epi vide likid la nan materyèl jetab absòban ou an OSWA tepe boutèy pilil la fèmen avèk likid la ak pilil yo andedan l.
	Likid yo Sachè Pèfizyon yo	Si boutèy la gwo ase, ajoute dirèkteman nan boutèy la yon bagay ki pa ka manje. Pa egzanp: sab pou chat, pousyè, ma kafe oswa farin mayi. Si veso a gen yon ouvèti ki twò piti, vide kontni likid la dirèkteman nan materyèl absòban jetab ou an.
	Flakon yo	Louvri flakon yo, oswa rale solisyon an epi vide kontni an sou yon pad absòban/slip jetab pou granmoun. Jete sereng ak flakon vid yo nan yon veso ki rezistan kont pèforasyon (Gade nan paj 65).
	Patch yo Pastiy yo	Mete gan jetab pou anpeche ou vin an kontak avèk medikaman ki absòbe nan po. Koupe chak pake pou louvri l epi retire patch la oswa pastiy la. Mete patch oswa pastiy la nan yon veso vid jetab, tankou yon veso medikaman, sachè Ziploc, oswa boutèy jetab. Ajoute dlo. Fèmen epi fikse l ak tep. Jete gan yo. Lave men yo. (Pwosesis sa a pa aplike pou patch fentanyl. Tanpri gade nan seksyon Fòmasyon Swen Ospis lan pou jwenn machaswiv sou fason pou elimine patch Fentanyl ize yo nan paj 42)
	Anpoul yo	Mete gan jetab. Sèvi ak yon ti sèvyèt oswa yon sèvyèt kuizin pou kenbe anpoul la. Pliye kou anpoul lwen kò ou epi kase pou ouvè l. Vide kontni an nan pad absòban/slip jetab pou granmoun. Jete anpoul yo nan yon veso ki rezistan kont pèforasyon tankou yon bwat kafe ki gen yon kouvèti. Fikse l ak tep. Jete gan yo. Lave men yo.
	Sipozitwa yo	Louvri pwent anbalaj sipozitwa a epi mete tout kontni an nan yon veso an plastik vid. Ajoute dlo, kouvri veso a epi fikse l ak tep.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou eliminasyon medikaman ak opsyon pou eliminasyon medikaman, ale nan:

<http://www.dep.state.fl.us/waste/categories/medications/>

<http://www.dep.state.fl.us/waste/categories/medications/pages/disposal.htm>

Eliminasyon Zegwi ak Sereng (Bagay file) San Danje

Manyen Tout Bagay File Ak Prekosyon Pou Evite Blesi
Jete zegwi ak sereng (BAGAY FILE) nan yon veso ki rezistan kont pèforasyon.

Sèvi ak yon veso kay ki vid ki gen karakteristik sa yo:



PA ITILIZE

Veso sa yo ka kraze oswa pèse fasil.



Veso Lèt



Boutèy Dlo



Veso an kristal



Mamit Soda

Sèvi ak yon makè pèmanan pou ekri “BAGAY FILE (SHARPS an Anglè)” sou veso a.
Lè veso a pa plis pase de tyè plen, tepe l byen sere.

Ranpli jiskaske li plen nan de tyè



Jete veso a nan fatra regilye

PA

jete bagay file de-tache yo nan fatra



PA

mete bagay file nan resiklaj



PA

flòch bagay ki file yo nan twalèt



PA KITE YO

kote timoun ka jwenn yo



Yon enfimye/enfimyè ospis disponib nan telefòn 24 èdtan pa jou.
Annik rele nan 1-888-441-4040.

Fòmasyon sou Swen Ospis: Bay Swen Pèsonèl ak Kontwòl Enfeksyon

Anpeche Enfeksyon

Ijyèn Men Apwopriye

Ijyèn men apwopriye twouve l nan tèt lis la bagay ou dwe toujou fè pou evite enfeksyon.

- Ijyèn men yo dwe fèt:
 - Anvan ak apre ou manje, prepare, oswa sèvi nouriti.
 - Anvan ak apre ou bay swen pèsonèl.
 - Apre ou fin manyen atik ki pa pwòp/sal.
 - Apre ou fin etènye, mouche nen, touse.
 - Apre ou sot nan twalèt.
 - Si po ou gen san oswa likid kòporèl sou li (pipi, poupou, mize, ekoulman, pij) li enpòtan pou lave zòn nan imedyatman avèk savon ak dlo.
- Teknik lavaj men:
 - Men yo ta dwe mouye ak dlo epi apre sa ajoute savon.
 - Fè yo kimen pou bay friksyon pou retire salte – lave ak kouray pandan omwen 20 segonn.
 - Rense l nèt.
 - Seche yo ak yon sèvyèt an papyè.
 - Fèmen dlo a ak yon dezyèm sèvyèt an papyè sèk.



Jèl pou Men Abaz Alkòl

Sizoka savon ak dlo pa disponib fasilman, ou ka itilize yon jèl pou men abaz alkòl lè men ou yo pa parèt sal aklè. Dèke ou kapab, sèvi avèk dlo ak savon pou fè ijyèn men.

Fasil tankou



Dezenfektan pou men abaz alkòl

Kenbe men ou pwòp! Sèvi ak yon jèl pou men abaz alkòl lè men ou yo pa parèt sal aklè. Lave men ou avèk savon ak dlo lè men ou parèt sal aklè.

(Manipilè manje nan restoran, lekòl, deli yo ak boutik makèt yo dwe lave avèk savon ak dlo anvan yo aplike dezenfektan pou men yo. Chap. Règ Minn 4626.0070 - 4626.0085)
(Manipilè manje nan restoran, lekòl, deli yo ak boutik makèt yo dwe lave avèk savon ak dlo anvan yo aplike dezenfektan pou men yo. Chap. Règ Minn 4626.0070 - 4626.0085)



Jèl pou men abaz alkòl yo bay plizyè avantaj parapò ak lavaj men avèk savon ak dlo:

- mande mwens tan pase lavaj men
- aji rapidman pou touye mikwoòganis sou men yo
- pi efikas pase lavaj men avèk savon ak dlo
- pi aksesib pase lavabo
- diminye kantite bakteri sou men yo
- pa favorize rezistans kont antibyotik
- mwens iritan sou po pase dlo ak savon
- ka menm amelyore eta po an

Kijan pou itilize li?

Sa fasil tankou dlo... Lè w ap dekontamine men ou yo avèk yon jèl pou men abaz alkòl, itilize yon kantite jèl pou men abaz alkòl ki sifi pou kouvri tout sifas men yo.

1

Mete jèl la nan yon plamen.

2

Fwote men yo ansanm, pandan ou kouvri tout sifas men yo ak dwèt yo.

3

Fwote jiskaske jèl la absòbe.

Lè Enfeksyon Prezan

- **Pou pwoteje** tout blesi ouvè oswa kòche, kouvri yo pou anpeche yo ekspozè lè w ap bay swen pèsònèl.
- **Mete** gan lè:
 - W ap bay swen blesi.
 - Ou vin an kontak ak san, likid kòporèl, eskresyon ak sekresyon.
 - Si gan pa disponib nan kay la, sèvi ak nenpòt bagay ki ta anpeche kontak avèk likid ki enfekte a. Pa egzanp, ou ka itilize yon sache plastik ou mete sou men an.
- **Mete yon blouz an plastik oswa yon tabliye** si enfimye/enfimyè ou mande pou w fè sa. Yo itilize blouz oswa tabliye an plastik yo pou:
 - Pwoteje rad kont kontaminasyon avèk san/likid kòporèl enfekte oswa kont san/likid kòporèl enfekte ki vòltije.
 - Si yon tabliye an plastik pa disponib, responsab swen an dwe mare oswa tache ak zepeng yon sache plastik sou zepòl rad li pou bay pwoteksyon pandan l ap bay swen. Tabliye an twal yo ka tranpe ak likid kòporèl epi yo pa bay yon pwoteksyon ki apwopriye.
- **Mete mask ak pwoteksyon pou je** si enfimye/enfimyè a mande pou w fè sa. Yo itilize mask ak pwoteksyon pou je yo pou anpeche likid vòltije nan je, bouch ak nen. Sa yo pa nesesè anjeneral nan anviwònman kay.

Swen Bouch

Ijyèn oral oswa bon swen bouch endispansab pou konfò. Swen bouch la dwe bay omwen de fwa pa jou. Bon swen bouch ka ede anpeche maleng nan bouch yo epi sa ka amelyore apeti moun lan.

Swen Po

Po se pi gran ògàn nan kò a. Li gen tandans dekonpoze nan fen lavi pou anpil rezon, sa gen ladan imobilite, diminisyon sikilasyon, move nitrisyon (manke apeti) ak enkontinans (pèt kontwòl entesten ak blad pipi).

Li enpòtan espesyalman pou bay bon swen pou po lè yon moun konfine nan kabann oswa li gen difikilte pou li bouje. Siveye pou nenpòt siy woujè oswa iritasyon sou po a. Kèk zòn pou siveye se do (kolon vètebral), kòksis (fès), talon pye, ak lòt zòn zo yo.

Bagay ou ka fè:

- Kenbe po a pwòp (chanje pad enkontinan oswa slip yo souvan).
- Lave po a avèk yon netwayan dou ki pa savon.
- Aplike losyon idratant ki san pafen.
- Kenbe dra kabann yo sèk epi san pli. Menm ti pli yo ka jennan estrèmman pou yon moun ki nan kabann pandan peryòd tan ki long.
- Chanje pozisyon chak dezèdtan.
- Sèvi ak zòrye pou soutni janm yo, do a ak zepòl yo.

Di Orevwa: Siy Fizik ak Sentòm Lanmò ki Toupre

Diminye Konsomasyon Manje ak Likid

Moun pwòch ou an ka vle tikras oswa li ki pa vle pran okenn nouriti, souvan yo refize manje oswa bwè. Manje li te konn renmen ka pa gen menm gou ankò. Moun lan ka gen difikilte pou vale epi li gen epizòd etoufman. Sa trè natirèl ak nòmal.

Amezi feblès ap ogmante, enèji an diminye epi mouvman diminye. Metabolis kò a ralanti epi moun lan bezwen mwens nitrisyon. Amezi moun lan ap vin deplizanpli fèb epi li anvi dòmi, vale ak dijere manje ak likid vin souvan pi difisil epi sa ka mete yon presyon sou kò a.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

PA fòse l manje. Byenke lè ou bay manje se yon fason pou nouriti ak montre lanmou, sa ka trè danjere si ou fòse l manje lè yon moun trè fèb. Fòse l manje pa pral ralanti pwosesis fen natirèl lavi a.

SA POU FÈ:

- Bay manje moun pwòch ou an mande.
- Bay bon ijyèn bouch.
- Si moun pwòch ou an ap manje ak bwè mwens, kenbe bouch li imid.
- Mouye bouch la avèk yon eponj mouye (gen kalite eponj espesyal disponib pou bi sa a). Moun lan ka mòde l okòmansman, men kontinye kenbe l epi, li pral lache l.
- Mete ice chips nan bouch li.
- Aplike pomad pou po bouch pou kenbe po bouch yo imid.

Chanjman nan Abitid Dòmi

Moun lan ka kòmanse dòmi plis ak kominike mwens. Pafwa li ka difisil pou reveye l. Moun pwòch ou an ka konfonn lajounen ak lannwit epi reveye egzakteman lè ou pare pou pran somèy. Sa se yon pati nòmal nan pwosesis lanmò a. Fatig estrèm fè li difisil pou yon moun kenbe yon konvèsasyon.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

- Pwofite tout avantaj ki posib nan moman lè li reveye.
- Chita byen trankil epi jis kenbe men moun pwòch ou an.
- Eseye pa reveye yon moun k ap dòmi oswa ki pa kapab reponn.
- Pale nòmalman, menm si moun lan pa sanble reponn.
- Sipoze moun pwòch ou an kapab tande ou.

Sans pou tande an òdinèman se dènye sans ki rete.

Chanjman nan Fonksyonman Blad Pipi ak Entesten

Moun pwòch ou an ka pèdi kontwòl blad pipi l ak/oswa entesten l. Pèt kontwòl entesten ak blad pipi se rezilta dirèk feblès nan misk. Amezi feblès jeneral la ap ogmante, misk ki kontwole fonksyon sa yo lache tou, sa ki ka lakòz enkontinans.

Anplis, ou ka obsève koulè pipi moun lan pi fonse epi kantite pipi a ak chak kilè li pipi vin mwens.

Amezi konsomasyon likid yo ap diminye, pipi a vin pi konsantre (pi fonse) epi kantite a pi piti.

Pèt kontwòl entesten ak blad pipi ka estrèmman penib pou ni oumenm ni moun pwòch ou an.

Pale ak ekip ospis ou an oswa rele Trustbridge pou nenpòt krent oswa enkyetid ou genyen.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

- Pou ede l santi l konfòtab epi kenbe entimite ak diyite l:
 - Sèvi ak kouvèti pwoteksyon pou kabann lan (pad pou enkontinan).
 - Sèvi ak kouchèt enkontinans pou granmoun.
 - Pratiye bon ijyèn – sèvi ak gan jetab lè w ap bay swen pou enkontinans.
- Si moun pwòch ou an te sèk pandan yon peryòd tan long (plizyè èdtan) epi li montre siy ajitasyon oswa doulè ki nouvo oswa ki ogmante, Kontakte Trustbridge.

Chanjman nan Tanperati Kò

- Moun pwòch ou an ka ale vini ant lide ke li cho ak swe epi lide ke li fre ak sèk. Chanjman tanperati tanzantan sa a se rezilta chanjman nan chimi kò a ki afekte tèmostat sèvo a. Sa nòmal nan fen lavi epi anjeneral li pa siyale yon enfeksyon.
- Moun pwòch ou an ka devlope fredri tou nan men ak bra ak/oswa fredri nan janm ak pye yo. An menm tan an pati ki pi ba nan kò a ka vin pi fonse epi sanble gen tach oswa takte. Sèvo a ap fèmen sikilasyon nan men yo ak nan pye yo pou dirije san nan ògàn vital yo.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

Eseye sa ki annapre la yo pou fè moun lan konfòtab si li cho:

- Tcheke pou wè si moun lan gen lafyèv. Mande Trustbridge si li ta apwopriye pou ou bay acetaminophen (Tylenol) pou bese tanperati a. Si moun pwòch ou an pa ka vale, yo ka bay medikaman an sou fòm yon sipozitwa rektal.
- Kenbe sal la fre. Panse itilize yon vantilatè. Kouvri moun pwòch ou an lejèman ak yon dra olye lenn. Si moun lan nan yon kabann lopital, mete dra a sou ray sou kote yo olye ou mete l dirèkteman sou moun pwòch ou an.

Eseye sa ki annapre la yo pou fè moun pwòch ou an konfòtab si li frèt:

- Kenbe moun lan cho avèk yon dra.
- PA sèvi ak yon dra elektrik oswa yon pad chofan.

Toumant, Ajitasyon, oswa Konfizyon

Yon ti tan anvan lanmò kèk moun vin toumante, ajite ak bwouye. Ou ka obsève moun pwòch ou an ap repete travay oswa mouvman tankou “grate” dra yo oswa vire tounen nan kabann lan. Ajitasyon an ka grav, sa ki lakòz moun lan chita oswa eseye soti nan kabann lan. Se sa yo rele ajitasyon tèminal epi li souvan rive nan kèk dènye jou yo nan lavi. Li afekte prèske mwatye nan tout moun k ap mouri. Si ou mande moun pwòch ou an kisa pwoblèm lan ye, li pa kapab di ou pwobableman oswa kèlkeswa sa li ta di pa pral gen okenn siyifikasyon reyèl. Sa ka trè difisil pou ou, kidonk li enpòtan pou sonje ke sa se yon rezilta maladi a ak sa k ap pase nan lòt moun lan.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

- Kenbe chanm lan byen klere pandan lajounen.
- Mete yon revèy toupre dekwa pou moun pwòch ou an ka wè lè a.
- Diminye nivo bri nèt nan chanm lan.
- Pale avèk kalm epi dousman.
- Eksplike tout aksyon yo anvan yo fèt.
- Ankouraje relaksasyon ak somèy.
- Bay medikaman jan doktè a te preskri yo.
- Pataje santiman w ak ekip Trustbridge ou an. Nou la pou koute. Nou konnen ke li ka ravajè pou ou santi konfizyon kay yon moun ki te enpòtan anpil epi ki te gen kontwòl. Ou ta dwe pataje santiman ou tou avèk yon lòt moun ou alèz ak li.

Eksperyans Tankou Rèv

Moun k ap mouri yo souvan pataje ke yo wè moun ki mouri deja oswa “vizite” yon kote yo renmen anpil espesyalman. Kèk deklarasyon ka sanble ra oswa pa kadre. Sa se yon pati nan preparasyon pou fè yon tranzisyon sot nan lavi sa a. Anpil moun kwè moun ki mouri deja, men ki te gen anpil enpòtans ak lanmou nan lavi pasyan an, ka parèt pou fè vwayaj la mwens efreyan.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

- Pran konfò nan lefèt ke sa se yon pwosesis natirèl ak pozitif epi ki rive pou mete pasyan an alèz ak sa k ap pase a.
- Pa pè.
- Koute epi kwè moun pwòch ou an lè moun lan di ou sa l te wè. Ou gendwa pa kapab wè “gid” sa yo, men sa pa fè yo mwens reyèl pou moun pwòch ou an.

Konjesyon ak Chanjman nan Respirasyon (Sekresyon Tèminal)

Lè dènye èdtan lavi yo ap apwoche ou ka tandè son respirasyon rakle oswa gazouye. Pafwa son sa yo byen fò. Sa rive paske saliv (likid nòmal) “akimile” nan dèyè gòj la ak vwa respiratwa siperyè yo. Moun pwòch ou an te vin pi fèb epi li te vin deplizanpli difisil pou li elimine konplètman sekresyon nòmal sa yo.

Pa bliye ke bri ki sa yo ka plis twouban oswa efreyan anpil pou ou pase jan yo ye pou moun pwòch ou an. Ou ka obsève chanjman tou nan modèl respirasyon an. Pafwa pasyan an respire rapidman avèk chanjman peryòd kote li pa respire (ke yo rele apne). Yo rele modèl respirasyon sa a respirasyon Cheyne-Stokes. Estimilis pou respire a pa akòz mank oksijèn nan kò nou, men akòz akimilasyon gaz kabonik. Sèvo yon moun ki malad nan estad tèminal mwens sansib anpil ak akimilasyon sa a. Ou ka remake yon peryòd apne pandan gaz kabonik la akimile nan nivo ki nesesè pou deklanche yon souf. Moun pwòch ou an ka rale plizyè souf rapid, pwofon, ki pèmèt kò a “soufle” gaz kabonik la. Apre sa, ka gen yon lòt peryòd apne. Modèl sa a rive pandan pasyan an ap dòmi, men se pa pandan li reveye.

Sonje:

- Sa se yon modèl respirasyon natirèl pou yon moun k ap mouri epi anjeneral li pa lakòz malèz.
- Administrasyon oksijèn p ap modifye modèl respirasyon an.

Bagay Ou Ka Fè Kounye a Pou Moun lan

- Monte tèt kabann lan epi vire tèt moun pwòch ou an dousman sou kote. Gravite pral travay pou drene sekresyon yo.
- Siye bouch la ak yon twal mou ki mouye. (Aspirasyon t ap irite tisi yo nan bouch la epi lakòz sekresyon yo ogmante.)
- Kenbe sal la fre.
- Fè lè sikile pou li soufle sou figi an.
- Pale ak enfimye/enfimyè ospis la sou medikaman pou diminye kantite lajan sekresyon yo.

Di Orevwa

Li pa ra pou moun ki nan fen lavi yo kenbe, menm si y ap souffri. Sa vre espesyalman pou moun ki te figi otorite oswa ki gen konfli nan fanmi yo. Pou li ale, moun pwòch ou an dwe konnen moun l ap kite dèyè yo pral kapab pwogrese pou kont yo.

Ou kapab:

- Rete konsantre sou bay youn nan pi gwo kado ki posib pou moun pwòch ou an – sekirite pou l konnen nou tout pral byen e ke moun pwòch ou an gen pèmisyon ou ak ankourajman ou pou li ale.
- Di orevwa, pandan ou konnen pasyan an, ak oumenm nou toude ka bezwen tandè sa.
- Ou pa bezwen pè kriye. Dlo nan zye fè pati eksperyans lan natirèlman; yo ekspriye lanmou ou. Pa eseye kache yo.
- Rekonèt absans moun pwòch ou an pral kreye yon vid nan lavi ou, men ou rekonèt nesesite pou moun lan ale. Ou ta ka di yon bagay tankou, “Mwen pral sonje ou, men mwen pral anfòm. Li lè pou ou ale.”
- Ou dwe konnensi ou fè moun pwòch ou an santi remò paske l kite ou, sa kapab lakòz gwo detès, menm jan ak eseye anpeche moun lan pati pou satisfè bezwen ou yo.

Kisa Ki Pase Lè Lanmò Rive

Nou espere ekip Trustbridge ou an, ansanm ak enfòmasyon ki transmèt nan tiliv sa a, ede fè eksperyans lanmò moun pwòch ou an mwens efreyan ak pwodui mwens anksyete pou ou. Nou ankouraje pou ou kontakte nou chak fwa sa nesese. Objektif nou se soutni ou pandan tout vwayaj la.

Nou pa ka di ou kilè moman lanmò a pral rive. Moun ka balanse ant lavi ak lanmò pandan anpil èdtan epi byen souvan pandan anpil jou, epi li fasil pou ou rate moman final la. Yo vini ak ipotèz ke moun ki trè prive, oswa moun ki pè lakòz moun pwòch yo sibi angwas san nesese, gendwa chwazi pou yo mouri lè pa gen okenn lòt moun nan chanm lan. Gen lòt ki panse yo rete tann pou yon moun rive presizeman pou di orevwa oswa yon dat espesyalman ki gen siyifikasyon pou fanmi an pase.

Bagay ki pi enpòtan pou konsantre sou li se kreye yon anbyans lapè, kalman pou moun ou renmen an ak pou di tout bagay ou vle moun pwòch ou an konnen. (kit wi ou non moun lan kapab reponn.)

Lè lanmò rive li rive trè vit. Menm si ou pa te janm prezan nan yon lanmò, pifò moun ap rekonèt ke l ap dewoule.

Pafwa moun lan ap bay plizyè ti respirasyon rapid pandan kè ak poumon yo rete. Gen lòt moun ki ka lage yon souf long epi apre kèk segonn pita yo rale yon lòt souf. Sa gendwa repete plizyè fwa anvan respirasyon sispann konplètman. Lòt endikatè yo trè klè:

- Pa pral gen yon poul (batman kè).
- Pa pral gen okenn respirasyon.
- Pa pral gen yon repons pou vwa oswa pou manyen.
- Zye moun lan ka louvri.
- Koulè po a ka pran yon aparans pal oswa tankou lasi.
- Ekspresyon vizaj la ka chanje oswa lache.



Kisa Pou Fè Lè Lanmò Rive

Se pou ou gen yon plan anvan lanmò a rive.

- Chwazi yon ponp finèb byen alavans epi bay non swa enfimye/enfimyè, travayè sosyal oswa chaplen ospis la. Sa pral fè bagay yo pi fasil pou ou lè moman an rive. Si sa posib, anvizaje tou pou fè aranjman yo davans. Li pi bon pou fè chwa yo nan yon moman ki gen mwens estrès pase nan dènye minit.
- Fè yon lis moun ak nimewo telefòn pou avèti.
- Anvizaje ekri anons finèb (si ou vle pibliye youn).
- Jwenn tout papyè enpòtan (asirans, envestisman, elatriye).

Nan moman lanmò Trustbridge disponib pou ede ou. Rele Trustbridge nan 1.888.441.4040

(PA rele 911 ni lapolis)

Trustbridge pral:

- Avèti medsen an.
 - Ponp finèb la pral voye sètifika desè a bay medsen an pou l siyen l.
- Kontakte ponp finèb la pou ou. Ponp finèb la pral rive nan yon tan plizoumwèn kout.
 - Nòmalman ponp finèb la ap vini byen vit otank posib pou transpòte moun pwòch ou an.
- Bay sipò ki nesèsè a.
 - Anpil moun vle sipò nan men pwòp konseye espirityèl yo oswa konseye espirityèl/chaplen ospis la. Nou disponib pou soutni ou nan nenpòt fason ki posib. Fè nou konnen si ou ta renmen sipò chaplen ospis la.
- Fè aranjman pou y vin pran ekipman yo.
 - Pifò moun yo enkyete pou fè retire kabann lopital la ak lòt ekipman yo byen vit otank posib. Konpayi ekipman medikal nou an pral an kontak avèk ou pou fasilite vin retire yo.
- Fè ou sonje pou detwi medikaman yo kòmsadwa ([gade enfòmasyon sou eliminasyon medikaman ki nan liv sa a](#)).

Swen pou Moun Pwòch Ou An

Li pa nesèsè pou fè anyen espesyal ak kò moun pwòch ou an. Sepandan, li rekòmande pou bese tèt ak pye kabann lan nan yon pozisyon plat.

Si ou vle bay swen pèsònèl ou kapab fè sa. Kèk moun vle lave ak abiye moun lan ak rad pwòp anvan ponp finèb la vini. Si se sa ou vle, fè Trustbridge konnen.

Swen ak sipò nou pa fini la. Nou disponib pou gide ou nan vwayaj lapenn ou.

Lanmò yon moun pwòch ou kapab youn nan eksperyans ki pi difisil pou nenpòt nan nou andire. Nou espere pandan tout tranzisyon fen lavi a, oumenm ak moun pwòch ou an te santi yo soutni nou ak pran swen nou. Se te yon privilèj ak yon onè pou nou fè pati lavi moun pwòch ou an ak lavi ou tou, epi nou swete ede ou nan nenpòt fason ki posib pandan w ap kòmanse yon nouvo vwayaj: yon vwayaj gerizon ak renouvèlman vigè. Sa pral pran tan, epi nou disponib, dispoze, ak prepare pou soutni ou, etap pa etap, atravè pwosesis pèsònèl dèy ou. Ofiramezi objektif vwayaj nou an avèk ou ap deplase nan swen ou yo, tanpri konnen nou kenbe konfyans sa avèk menm santiman privilèj nou te kenbe konfyans ant moun pwòch ou an ak nou.

Byenke reyaksyon chagren chak moun se yon eksperyans inik ak pèsònèl, souvan anpil moun jwenn yon bagay komen nan bagay konplike ki rele dèy la. Reyaksyon dèy kapab afekte moun sou plan emosyonèl, fizik ak espirityèl. Dèy se yon reyaksyon nòmal ak natirèl lè gen pèt yon moun pwòch ou, epi sa kapab akablan. Si ou santi ou bezwen plis sipò nan dèy ou, Trustbridge Bereavement Centers disponib pou ou. Tanpri rele nou epi n ap ede ou jwenn sipò nan lapenn ou ki reponn pi byen ak bezwen ou yo. Ou pa oblije fè chemen sa a pou kont ou. Nou la pou ede ou.

Nou konnen yon vwayaj kote ou gide pwòp tèt nan lekti ak videyo kontanplasyon ka itil nan nenpòt moman pandan w ap travèse dèy ou. Nou envite ou eksplòre resous yo sou sit entènèt nou yo epi konnen nou la pou ou si ou ta renmen jwenn sipò anplis.

**Si nou ka ede ou, tanpri rele
Trustbridge Bereavement
Centers nou yo gratis nan
1.888.499.8393 oswa
eskane kòd la pou aprann plis.**



Trustbridge Hospice Foundation

Trustbridge Hospice Foundation pran angajman pou l bay pasyan ki nan bezwen yo swen estwòdinè, sa gen ladan moun ki pa gen kouvèti asirans oswa ki pa gen kapasite pou peye. Grasa jenewozite kominote nou an, nou kapab ale pi lwen pase sa ki kouvri nan Medicare, Medicaid ak asirans prive yo pou ofri sèvis espesyalize ak swen eksepsyonèl pou chak fanmi ki bezwen yo.

Chak ane, Trustbridge Hospice Foundation bay an mwayèn **\$5 milyon pou asire plis pase 12,000** pasyan ak fanmi nan Konte Palm Beach ak Broward kapab resevwa swen nan fen lavi yo merite, sa gen ladan:



Swen Byenfèzans



Terapis Mizik



Pwogram Veteran yo



Doktè Bousye
nan Fòmasyon



Dèy Pwogram yo



Kan pou Dèy
pou Timoun yo



Estaj Swen Enfimye



Bèt Lapè nan Lespri

Fanmi Rekonesan Fè yon Diferans

Lè w gen yon moun pwòch ou nan ospis, sa touche lavi anpil moun: paran, frè ak sè, granparan, fanmi lwen, zanmi, ak kominote a. Trustbridge fè efò pou pote swen ki gen konpasyon ak lanmou non sèlman pou pasyan an, men tou pou rezo pwolonje fanmi ak zanmi sa.

Anpil nan fanmi nou sèvi yo mande kijan yo ka rekonèt moun k ap bay swen nan Trustbridge yo, ki gen jantiyès ak konpasyon ki te espesyalman enpòtan pou yo.

Pwogram **@Heart** Grateful Giving nou an bay okazyon pou di “mèsi” epi rekonèt swen oumenm ak moun pwòch ou yo te petèt resevwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan trustbridge.com/foundation oswa rele 561.494.6888.



Vizyon


Pou bay yon eksperyans swen sante san parèy pou fanmi yo nan moman bezwen yo.

Misyon

Pou bay fanmi yo aksè nan sèvis swen sante ki gen konpasyon, ki ekspè ak pwofesyonèl nan moman bezwen yo, pandan tout lavi yo.

Prensip fondamantal yo

- Ekselans
- Entegrite
- Travay ann ekip
- Konpasyon
- Responsablite
- Fyète



Hospice of Palm Beach County
Hospice by the Sea
trustbridge

Konfò | Angajman | Konpasyon | Diyite | Ekselans
Otonomizasyon | Limanite | Entegrite |
Sipò Travay Dekip | Konpreyansyon



Enfòmasyon 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt: 888.441.4040 | trustbridge.com

Lisansye depi 1981. Akredite nan Komisyon Miks nan konte Palm Beach ak Broward.
Òganizasyon 501(c)(3) ki pa nan pwofi.

Akreditasyon Jwif nan men Palm Beach County Board of Rabbis, Inc.

Dwadotè © 2023 Trustbridge, Inc.

Okenn repwodiksyon pa otorize san pèmisyon alekri. Tout dwa rezève.
Voye demann yo bay Direktè Prensipal Maketing lan nan 561.848.5200